

**ISHENGERO RY'ABADIVANTISTE B'UMUSI W'INDWI MU BURUNDI**

**UNIYO MISIYONI Y'UBURUNDI**

**B.P. 1710 Bujumbura**

**ICIVUGO: "IVYO KUGIRA NYAMBERE MU KWIZERA: INGESO RUKRISTO  
MU BIHE VY'AMAKUBA"**

**IMISI CUMI Y'UGUSENGA**

**10-20 Nzero 2024**

## IBIRIMWO

<b>INDONGOZI Y'UMURONGOZI</b> .....	iv
<b>ICIVUGO CACU C'AMASENGESHO</b> .....	v
<b>Ibintu Rusangi Twokwisunga mu Misi Cumi yo Gusenga</b> .....	vi
<i>Ivyo twokwisunga Bishoboka mu Mwanyu w'Amasengesho</i> .....	vi
<b>Indinganizo y'Umwanyu Yiyumviriwe muri buri Gice cose c'Amasengesho</b> ....	vii
<i>Gusengera Abandi</i> .....	vii
<i>Ibikorwa vyo kw'Isabato mu Misi Cumi yo Gusenga</i> .....	vii
<i>Guhimbaza Isabato ya Nyuma</i> .....	viii
<i>Gukurikiranira hafi imisi cumi yo gusenga</i> .....	viii
<i>Ibishingantahe</i> .....	viii
<i>Gutumbereza ku Masengesho y'Urunani</i> .....	viii
<i>Kwishuza Amasezerano</i> .....	ix
<i>Kwisonzeshu</i> .....	x
<i>Mpwemu Yera</i> .....	x
<i>Kwizera</i> .....	xi
<i>Gukora bwa Kinyamakuru</i> .....	xi
<i>Gusonera</i> .....	xii
<i>Amasengesho mu Mungane Magufi</i> .....	xii
<i>Agacerere</i> .....	xii
<i>Mu Kuririmba</i> .....	xii
<i>Kwakira Imitwari yo Gusengerwa</i> .....	xiii
<i>Umwanyu wanyu wa buri musu</i> .....	xiii
<b>Ivyo Dusabwa gukora nk'Ivugabutumwa mu Misi Cumi yo Gusenga</b> .....	xiii
<b>Ijoro ry'Amasengesho</b> .....	xvi

<b>Kubera iki ijoro ry’amasengesho ?</b> .....	xvi
<b>Integuro Mwoshobora Kwifashisha mw’Ijoro ry’Amasengesho</b> .....	xvii
<b>Amasezerano yo muri Bibiliya Twokwishuza mw’Isengesho</b> .....	xviii
<i>Amasezerano yo Kuronka Mpwemu Yera</i> .....	xviii
<i>Amasezerano y’uko Imana Yishura Amasengesho</i> .....	xviii
<i>Amasezerano Yerekeye Ubushobozi bw’Imana</i> .....	xix
<i>Amasezerano y’Uburongozi bw’Imana</i> .....	xx
<i>Amasezerano yo Guhindura Umutima</i> .....	xxi
<i>Amasezerano y’Imbabazi</i> .....	xxii
<i>Amasezerano y’Intsinzi ku Caha</i> .....	xxiii
<i>Amasezerano yo Gukiza Indwara</i> .....	xxiv
<i>Amasezerano yo Guhabwa Inkomezi zo Kurangura Ishaka ry’Imana</i> .....	xxv
<b>Amasezerano yo Kuba Ivyabona vy’Imana</b> .....	xxvi
<b>Isabato yo Guhimbaza</b> .....	xxvi
<b>Bimwe muvyoshirwa mu nteguro zo gusenga kw’isabato ya nyuma</b> .....	xxvii
<i>Icivugo</i> .....	xxvii
<i>Umurongo w’urufatiro</i> .....	xxvii
<i>Indirimbo zishobora gukoreshwa :</i> .....	xxvii
<i>Ivyiyumviro Vyokwisunga mu Nsiguro :</i> .....	xxvii
<b>Imitwari yo Gusengera yo ku Rwego rw’Isi Yose</b> .....	xxviii
<b>Ivyerekeye Umwanditsi</b> .....	xxxiv
<b>Umusi wa Mbere: Igenekerezo rya 10 Nzero 2024</b> .....	1
<b>BUKEBUKE NIRWO RUGENDO</b> .....	1
<b>Umusi wa Kabiri: Igenekerezo rya 11 Nzero 2024</b> .....	4
<b>AKAGA KO KUBURA UMWANYA UHARIWE IMANA</b> .....	4

<b>Umusi wa Gatatu: Igenekerezo rya 12 Nzero 2023</b> .....	7
<b>IMIGISHA YO KWIHANGANA</b> .....	7
<b>Umusi wa Kane: Igenekerezo rya 13 Nzero 2023</b> .....	10
<b>UMWIDEGEMVYO KU GUSHIMIKIRA KU KWIYOROSHA</b> .....	10
<b>Umusi wa Gatanu : Igenekerezo rya 14 Nzero 2023</b> .....	13
<b>GUSHIRA IMBERE IVY’AKAMARO MU MASENGESHO YACU.</b> .....	13
<b>Umusi wa Gatandatu : Igenekerezo rya 15 Nzero 2023</b> .....	16
<b>GUSHIR’AMANGA, UMWETE NO KWIHANGANA</b> .....	16
<b>Umusi w’Indwi: Igenekerezo rya 16 Nzero 2023</b> .....	19
<b>AGACIRO KO KWIYOROSHA</b> .....	19
<b>Umusi w’Umunani: Igenekerezo rya 18 Nzero 2023</b> .....	22
<b>GUSHIMA</b> .....	22
<b>Umusi w’Icenda : Igenekerezo rya 19 Nzero 2023</b> .....	25
<b>IMIGISHA Y’ISABATO</b> .....	25
<b>Umusi w’Icumi: Igenekerezo rya 20 Nzero 2023</b> .....	28
<b>KUBA UMUTUNZI NYAKURI-UBUSHISHOZI BUDASANZWE</b> .....	28
<b>Gushira Imbere Ukwizera-Ivyo Kwiga no Kuzirikana</b> .....	31
<b>UBUMARA ISABATO IDUKURAMWO</b> .....	31

## INDONGOZI Y'UMURONGOZI

Murahawe ikaze mu nteguro y'Imisi cumi yo gusenga 2024! Turizera ko isengesho arico kibanza kivukiramwo ikangura! Imana yarakoze ibitangaza vyinshi cane muri iyi myaka iheze mu kwishura ku myanya twamaranye nayo twisonzesheje kandi dusenga. Mpwemu Yera yatumye haba ikangura, ukwihana, igishika co kugira amavugabutumwa amashengero yaravuguruwe, imigenderanire yatosekaye irasubirana. Ng'ibi ibishingantahe bike vyo mu myaka iheze:

*“Sinari bwigere numvemwo Mpwemu w'Uhoraho mur'ubu buryo kuva na kera hose.”*  
(Frank B.)

*“Imana yarakijije umuryango wanje biciye mu misi 10 yo gusenga.”* (Adebayo O.)

*“Mu misi cumi yo gusenga, narasengeye umuryango wanje utizera. Ku musi ugira 9, umwuzukuru wanje w'umukobwa arakizwa, ndetse ubwa mbere mu buzima bwiwe, atangura kumabaza ibibazo vyerekeranye n'ivyaha Mpwemu. Iyo yari inyishu y'amasengesho yanje!”* (Fran J.)

*“Twasengeye papa wanje, yari yarasubiye inyuma akongera akaduta nk'umuryango, noneho ngo yongere gukizwa. Ku musozo w'imisi cumi y'amasengesho, ubwa mbere mu myaka yose yari iheze, yaraje muhira maze asaba ikigongwe, arondera kwiyuzuzura no kwikiranura n'Imana.”* (G.M.)

Mbega har'ijwi ry'Imana wewe urumva riguhamagarira kwivugurura? Bibliya yuzuye amasezerano ku bwawe:

*“Maz' abantu banje bitirirwa izina ryanje nibicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindukira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw ijuru, mparire ivyaha vyabo, nkize n'igihugu cabo.”* (2 Ngoma 7 :14)

*“Muzondondera kandi muzombona, nimwandondeza umutima wanyu wose”* (Yeremiya 29:13).

*“Kand' umuntu wese azokwambaza izina ry'Uhoraho azokizwa”* (Yoweli 2:32).

*“Mwiyegereze Imana nayo izobegera”* (Yakobo 4:8).

*“Ehe mpagazeku rugu, ndaramukije. Umuntu niyumva ijwi ryanje, akugurura urugi, ndinjira i we, dusangire”* (Ivyahishuriwe Yohana 3:20).

Aho uri hose mu buzima bwawe bwa buri musu, Imana irakwegereye gusumba uko uvyibaza. Iragomba gusesekaza imihezagiro ku muryango wawe, kw’ishengero ryawe, mu kibano cawe, no kw’isi yawe.

## **ICIVUGO CACU C’AMASENGESHO :**

### **Ivyo kugira Nyambere mu Kwizera-Ingeso Rukristo mu Bihe vy’Amakuba**

Mbega har’ubwo uza wisanga wafatiriwe n’ibikorwa vya buri musu, ukaba ata n’akumba na gato k’umwanya w’amasengesho ugisigaranye? Ubaye wifuza ikindi gihe gikwiriye kandi gifise intumbero mu buzima bwawe bw’amasengesho, iyi misi 10 y’amasengesho no kwisubirako izoba iy’agaciro kuri wewe

Muri iyi misi 10 y’amasengesho, uzoronka akadyo kadasanzwe kugira wibohore ibintu vyinshi bifatiriye ubwenge bwawe n’ubuzima bwawe yamara ntibikunyure. Na none kandi, tuzoshira akatuzo kuv’Imana yifuza kuruta ibindi. Ni umugisha wo kubaho mu buzima bworohereje, ukajana n’ivyo ubona bifise agaciro.

Mur’uru rugendo, uzohura n’ibizotuma ushikama mu kwizera, bigatuma wiyumvamwo kuruhuka Isabato, kando bikagukomereza mu migenderanire n’Imana mu buzima bwa misi yose. Amasengesho afise ubusobanuro, ibikorwa vy’ubugwaneza, kwimenyereza kugira Ubuntu, ni vyo bizoba mu vyo tuzokora. Ndetse, bizotuma tugira icerekezo, impuhwe, ukwihangana hamwe n’intsinzi.

Mureke twugurure imitima yacu n’ubwenge bwacu, dutumirire Mpwemu w’Imana ngo yinjire mu buzima bwacu mur’iyi misi 10 yo gusenga. Mur’uru rukurikirane, turasaba ngo duhindurwe kandi tuvuguruwe, tube abanyenkomezi mu gushingira intahe Imana ihindura ubuzima abantu bagasigara babeshejweho n’urukundo gusa.

Mureke dusengere ikangura ry’ibicaniro vyo mu buzima bwacu hamwe no mu miryango yacu, kugira Mpwemu Yera adushoboze guhinduka kandi aduhe inkomezi zo kuvuga ubutuma bwa nyuma bw’Imana, ubutumwa bw’ivyizigiro kw’isi ibuze amahoro.

– Dr. Frank Hasel (Umwanditsi w’iki gikoresho c’imisi 10 y’amasengesho mur’uyu mwaka).

## **Ibintu Rusangi Twokwisunga mu Misi Cumi yo Gusenga**

### **Indongozi y'Amasengesho ya buri musi**

Twaratanze indongozi y'isengesho kuri buri musi muri kino kiringo c'imisi icumi. Buri ndongozi iba irimwo umurongo wo muri Bibiliya, igisomwa co kwiyumvirako, ibisomwa vyo muri Bibiliya vyo kwifashisha mu gusenga, amasengesho yiyumviriwe yokoresha hamwe n'indirimo ziyumviriwe mwokwifashisha. Ni vyiza rero ko mwobirwiza kugira ngo uwariwe wese aja kuba ari muri zino nteguro abe afise indongozi yo gusenga ya buri musi kugira ngo ashobore kubikurikiza mu bihe vyiza vyo gusenga muja kuba murimwo.

Amashengero y'Abadventiste b'Umusi w'Indwi kw'isi yose bazokwishira hamwe mu ntumbero yo gusengera imitwari ya buri musi. Mwifatanye nabo mu gusenga ukoresheje imirongo yo muri Bibiliya hamwe n'imitwari iba yashikirijwe yo gusengerwa. Ariko ntiwumve ko utegerezwa uko vyogenda kwose kuraba urutonde rwose rw'imitwari iba yatanze hamwe n'amasengesho yiyumviriwe. Mushobora kwigabura mu mirwi mito mito hanyuma umurwi wose ugashikirizwa igice c'imitwari iba yashikirijwe ngo isengerwe.

Twarashizemwo kandi igice twise Imitwari y'Ishengero ku rwego rw'isi yo gusengerwa. Birahambaye cane gusengera hamwe nk'abagize umuryango w'ishengero ryacu mw'isi yose. Ariko kandi murashobora gufata umwanya munini musengera ivyo mukeneye aho muherereye niba mu murwi wanyu harimwo abashitsi baje bava mu kibano. Musenge kugira ngo mumenye uburyo bubereye mwoshobora guhamwo ikaze abo mwatumiye kugira ngo biyumvemwo ko nabo bari mu bagize umurwi wanyu.

### ***Ivyo twokwisunga Bishoboka mu Mwanya w'Amasengesho***

- Amasengesho akwiriye kuba magufi - iryungane rimwe canke abiri kuco muba muriko murasengera. Hanyuma uhe abandi akaryo nabo basenge. Umuntu umw'umwe wese ashobore gusenga ibihetangabo vyinshi nk'uko avyipfuzwa, nk'uko mukora mu kiyago.
- Ntimutinye ko haba agacerere, kuko gaha umwe wese umwanya wo kwumviriza Mpwemu Yera

- Kuririmba hamwe mwese indirimbo muyobowe na Mpwemu Yera nawo n’umugisha uhambaye. Ntibikenewe ko habamwo ibicurarangisho; kurimba n’amajwi gusa ni vyiza.
- Aho gukoresha umwanya w’agaciro w’amasengesho muvuga imitwaro yo gusengera, shirako musenge. Hanyuma, abandi barashobora kandi gusengera imitwaro yanyu maze bakishuza amasezerano kuvyo mukeneye.

**Indinganizo y’Umwanya Yiyumviriwe muri buri Gice cose c’Amasengesho.**

Imyanya yanyu yo gusenga muyigire iyisanzwe kugira ngo abagize umurwi bose bashobore gushira umutima wabo kw’isengesho. Umwanya muzomara kuri buri muce urashobora guhinduka. Izi ndongozi zo gusenga n’iciyumviro gusa gishobora kudufasha:

**Gutanga ikaze hamwe n’intangamarara:** Hagati y’iminota 2 - 5.

**Gusoma icigwa (mu ndongozi y’isengesho ya buri musi):** Iminota 5.

**Gusenga wifashisha imirongo bise “Gusenga ukoresheje Ijambo ry’Imana” (mu ndongozi y’isengesho ya buri musi):** hagati y’iminota 10 na 15

**Gusengera ivyatanzwe mu murwi “Imitwaro yashikirijwe yo gusengera” (mu ndongozi y’isengesho ya buri musi):** hagati y’iminota 20 na 30

**Ukwishura biciye mu ndirimbo n’amashimwe:** hagati y’iminota 5 na 10.

***Gusengera Abandi***

Himiriza buri muntu wese ngo asengere ubudasiba abantu bari hagati ya batanu n’indwi Imana yashize ku mutima wiwe. Bashobora kuba abavyeyi, abagenzi, abo mukorana ku kazi, ababanyi canke uwundi uw’ariwe wese woba uzi. Bahimirize kugira ngo basabe Mpwemu Yera abayobore mu gihe bahitamwo ayo mazina kandi bashobore kugira ico babafasha muri iki kiringo c’imisi icumi yo gusenga. Mushobora gutanga amakarata canke ugashikiriza abantu impapuro boshobora kwandikako amazina y’abo bantu bipfuzza kuzoja barasengera.

***Ibikorwa vyo kw’Isabato mu Misi Cumi yo Gusenga***

Tumbereza ivyiyumviro kw’isengesho kandi musangize abandi ibishingantahe vyanyu vy’uburyo Imana yishuye amasengesho yanyu mu gihe c’integuro yo gusenga kuri ayo masabato abiri. Ni mube abantu bazana bishasha- hariho uburyo bwinshi bwo gusabikanya



n’abagize umuryango w’abanyeshengero ivyagiye birakoreka mu bikorane vy’amasengesho vya buri musi.

### ***Guhimbaza Isabato ya Nyuma***

Isabato ya nyuma igomba kuba umwanya w’umunezero udasanzwe mu kwigina ivyo Imana yakoze vyose mu misi cumi. Mutegekanye umwanya uhagije wo gushikiriza ibishingantahe vy’amasengesho yishuwe muri ico kiringo, inyigisho/ikibwirizwa cerekeye isengesho, hamwe n’indirimo. Yoborera ishengero ryose mu mwanya w’isengesho kugira ngo n’abo bandi bataje mu bikorane vya buri musi bashobore kwumva umunezero wo gusengera hamwe n’abandi. Kugira ngo wunguke vyinshi bigufasha, soma igitabo “Guhimbaza Isabato.”

### ***Gukurikiranira hafi imisi cumi yo gusenga***

Senge kugira umenye ingene Imana yipfuzako ko ishengero ryawe canke umurwi wawe wokomeza ico watanguye muri iyi misi Cumi yo Gusenga. Kumbure muzobandanya ibihe vyo gusenga vyo mu ndwi. Kumbure Imana yipfuzako mwotangura igikorwa gishasha mw’ishengero ryanyu canke igikorwa c’ivugabutumwa mu kibano. Ni mwuguruke kandi mwemere kuyoboka muja iyo Imana izobayoborera kuja. N’ivy’ukuri ko muzotangazwa cane kugendana nayo. Igitabo **Outreach Challenge (Intambanyi mw’Ivugabutumwa)** cuzuyemwo ivyiyumviro bitandukanye bizobafasha kurangura ico gikorwa.

### ***Ibishingantahe***

Sabikanya n’abandi inkuru zerekeye ingene Imana yakoze muri iyi misi cumi yo gusenga! Inkuru zanyu zizotera intege abandi bantu isinzi. Inkuru mushobora kuzirungika biciye kurubuga rw’ubuhinga ngurukanabumenyi: [www.tendayssofprayer.org](http://www.tendayssofprayer.org).

### ***Gutumbereza ku Masengesho y’Urunani***

#### **Mwemeranye mwese hamwe**

Mu gihe hari umuntu umwe ariko arashikiriza umutwaro Imana, murabe ko n’abandi bariko barasengera uwo mutwaro kandi ko bose hamwe babihurizako, birimwo inkomezi! Ntuhave wiyumvira ko kubera hari uwasengeye umutwaro ko atawundi yowusengera. Bibiliya igira iti: “Kandi ndababwira ukuri yukw’ ababiri muri mwebwe ni bahuriza inama mw isi gusaba

ikintu cose, Data wo mw'Ijuru azokibakorera" (**Matayo 18 :19**). Mbega ukuntu bitera umwete guterurira hamwe umutwaro biciye mw'isengesho!

### ***Kwishuza Amasezerano***

Himiriza umurwi kwishuza amasezerano y'Imana mu gihe basenga. Biroroshe gutumbereza ivyiyumviro vyacu ku ngorane zacu gusa. Ariko iyo twishuza amasezerano y'Imana, twongereza ukwizera kwacu kandi tukibuka ko ku Mana ntakidashoboka. Amasezerano adufasha gukura amaso ku ntege nke zacu no ku ngorane zacu maze tukayahanga kuri Yesu. Kuri buri ntege nke, no kuri buri ntambara dushobora kubona muri Bibiliya amasezerano twokwishuza. Himiriza abantu ngo barondere muri Bibiliya ayandi masezerano menshi ashoboka maze bayandike ahantu kugira ngo bazoshobore kuyishuza Imana muri kazoza.

N'amahirwe yacu kwishuza amasezerano y'Imana mu masengesho yacu. Ivyagezwe vyayo vyose n'impanuro zayo navyo nyene n'amasezerano. Ntiyokwigerira idusaba ikintu tutoshobora gukora dukoresheje inkomezi zayo.

Biroroshe gushira ivyiyumviro vyacu ku vyo dukeneye, ku ngorane zacu, ku ntambanyi zacu- kwidoga hamwe no kurizwa n'ibihe tubayemwo igihe tuba turiko turasenga. Iyo siyo ntumbero y'isengesho. Isengesho rigenewe gukomeza ukwizera kwacu. Ni co gituma tubahimiriza ngo mwishuze amasezerano y'Imana mu mwanya wanyu wo gusenga. Ni mukure amaso kuri mwebwe no ku ntege nke zanyu maze muyahange kuri Yesu. Mu kumwitegereza, turahinduka tugasa nawe.

Ellen White adutera umwete muri aya majambo: "Buri sezerano riri mw'ijambo ry'Imana ni iryacu. Mu masengesho yanyu, shikiriza ijambo ryasezeranywe na Yehova, kandi kubwo kwizera ishuzwa amasezerano yayo. Ijambo ryayo ni icemezo c'uko ni mwasaba mwizeye, muzoronka imihezagiro yose ya Mpwemu. Ni mubandanye musaba, kandi muzoronka ibirengeye ivyo musaba n'ivyo mwiyumvira." (**In Heavenly Places, p.71**).

Ni gute mushobora kwishuza amasezerano yayo? Nk'akarorero, iyo musabira amahoro, mushobora gusaba mwishimikije **Yohana 14:27** maze mukavuga muti: "Mana watubwiye mw'ijambo ryawe ngo: 'Amahoro ndayabasigaranye, ndabahaye amahoro yanje; sindabaha nk'uko ab'isi batanga. Ntimuhagarike imitima ntimutinye.' Mpa amahoro wasezeranye ko

udusigiye. Shimira Imana ko yabahaye amahoro, n’ubwo kumbure mwoba mutarayiyumvamwo muri uwo mwanya.

### ***Kwisonzeshya***

Muhimirize ngo muri iyi misi cumi abantu ngo bisonzeshe nka kumwe ba Daniyeli bisonzesha. Gutangura umwaka usenga wisonzeshya n’uburyo bwiza bwo kwegurira Imana ubuzima mu mwaka tuba dutanguye. Ellen White atubwira ati: *“Uhereye uyu musigisha kwiherezo ry’ibihe, ubwoko bw’Imana bwategerezwa kuba abantu badafyinata, bari maso, batishimikiza ubwenge bwabo gusa, ariko bishimikiza ku bwenge bw’umutware wabo. Bategerezwa gutegekanya imisi yo gusenga no kwisonzeshya. Kumbure si ngombwa ngo biyime imfungurwa zose burundu. Ariko bategerezwa gufungura mu buryo bubayabaye imfungurwa ziyoroheje.”* (Counsels on Diet and Foods, pp. 188, 189)

Turazi Daniyeli yafunguye ivyamwa n’insoromano kumara imisi cumi. Turabahimiriza kandi ngo mukoreshe imfungurwa zibayabaye muri iyi misi cumi y’amasengesho. Namba dukeneye kugira ivyiyumviro bitekanye kugira ngo twumve ijwi ry’Imana, kandi namba dushaka kuyegera dutegerezwa kuraba ko imfungurwa zacu zitatugora. Ukwisonzeshya ntibisigura gusa guhagarika gufungura. Turabahimiriza kandi ngo mureke kuraba televiziyo, guheba umuziki, amafilimi, inkino zo mu mamashini, ubuhinga ngurukanabumenyi, imbuga ngurukana bumenyi, za Facebook, YouTube. Rimwe na rimwe n’ibintu bisanzwe atari bibi ubwavyo birashobora kudutwara umwanya munini. Shira ku ruhande ibishoboka vyose kugira ngo muronke umwanya uhagije wo kumarana n’Imana. Koresha uwo mwanya mwahora mukoresha mu kwiga Bibliya, musaba Imana ngo ibafashe kandi yongere ifashe ikoraniro ryanyu kunamba kuri Kristo.

Ukwisonzeshya si uburyo bunyarutse bwo kuronka igitangaza c’Imana. Ukwisonzeshya n’uguca bugufi kugira ngo Imana ikorere muri twe kandi ikore binyuze muri twebwe. Tuyegere binyuze mu gusenga no kwisonzeshya nayo izotwegera.

### ***Mpwemu Yera***

Suzuma neza ko mwasavye Mpwemu Yera kugira ngo abarongore mu kumenya ivyo mukwiriye gusengera mu buzima bw’umuntu canke mu bihe vyihariye. Bibliya itubwira yuko tutazi neza ivyo dusengera kandi ko Mpwemu Yera ariwe adusabira.

*“Ntidutegerezwa gusa gusenga mw’izina rya Yesu, ariko biciye muguhishurirwa na Mpwemu Yera. Ibi biratanga insiguro y’ico baba bashaka kuvuga igihe haba havuzwe yuko Mpwemu ‘ubwiwe aradusengera, aniha iminiho itovugwa.’ (Abaroma 8:26). Isengesho nk’iryo rihimbara Imana kuritangira inyishu. Mu gihe duhema isengesho ryuzuyemwo ubushizi bw’amanga n’inkomezi biciye mw’izina rya Yesu, harimwo inkomezi muri ubwo buryo budasanzwe. Maze igisabo twerekeje ku Mana, na yo iba yiteguye kwishura ku masengesho yacu mu buryo ‘burengeye cane ivyo dusaba n’ivyo twiyumvira vyose nk’uk’ubushobozi bwayo budukoreramwo buri’ (Abanyefeso 3:20)” (Imigani ya Kristo, p. 147, mu rurimi rw’Icongereza).*

### ***Kwizera***

Dusoma muri Mpwemu w’Ubuhanuzi ko *“Isengesho rifatanije no kwizera rizokora ivyo atabushobozi bwo kw’isi na bumwe bushobora gukora.” (Igikorwa co Gukiza p. 509 mu Congereza).* Tubwirwa kandi ko *“Buri mpano yose yasezeranywe, turashobora kuyisaba; ubwo rero dutegerezwa kwizera ko turonse maze rero tugaca dushimira Imana kuko twaronse ico twasavye” (Education, p.258).* Mwimenyereze gushimira Imana imbere y’igihe kubwo kwizera kuvyo iza gukora hamwe n’ingene iza kwishura amasengesho yanyu.

Mu bikoreho vy’imisi cumi y’amasengesho biri ku rubuga, harimwo igitabo kirimwo ivyiyumviro vyinshi vyo kumenyekanisha. Yesu abahamagarira kuba ibiganza vyawe hamwe n’ibirengye vyawe mw’isi imukeneye!

### ***Gukora bwa Kinyamakuru***

Gutunganya ikinyamakuru c’amasengesho muri ino misi cumi yo gusenga birashobora gufasha abaza gusenga gufata ivyasengewe ku musi, ku musi maze bigatuma bagirana amasezerano n’Imana mu buryo bwumvikana kandi bikabatuma bashima imihezagiro yayo. Kwandika amasengesho yacu hamwe no kugumya ibimenyetso vy’inyishu z’Imana ni iyindi nzira yapimwe ishikana ku kudacika intege.

Niba mubishaka, murashobora gutegekanya umwanya mu bihe vy’ibikorane vyo gusenga kugira ngo abantu bandike mu binyamakuru inyishu Imana yabahaye muri rwa rutonde basengaye mu mwiherero. Canke mushobora kugira ikinyamakuru c’umugwi mukandikamwo imitwaro hamwe n’inyishu baronse, haba mw’ikaye canke ku kibaho

kinini, eka mbere canke ku buhinga ngurukanabumenyi. Ni ubundi buryo bwo gutera intege mu gukomeza kwubaka ukwizera mu gutereza amaso yacu inyuma kuvywo twasavye Imana hanyuma tukibonera ukuntu Imana nayo yishuye amasengesho!

### ***Gusonera***

Himiriza kandi wongere ube akarorero mu mwifato wo kwubaha. Tuzirikane ko turiko turegera intebe y'Umwami aganza ijuru n'isi. Ntidufate uyu mwanya wo gusenga minenerwe biciye mu nyifato yacu canke uburyo tubikoramwo. Ariko kandi si ngombwa ko buri muntu wese yokwama apfukama umwanya wose. Mwipfuzza ko abantu bumva baguwe neza mu kiringo c'isaha imwe. Bahimirize uwariwe wese yifate mu buryo yumva ko bumworohera haba gufukama, kwicara canke guhagarara, ukw'Imana imurongoye, kandi bumve baguwe neza.

### ***Amasengesho mu Mungane Magufi***

Amasengesho akwiriye kuba magufi kandi atumbereye neza ico usengera. Ibi biha abandi akaryo ko gusenga. Mugerageze amasengesho yanyu abe agizwe n'amajambo make. Umuntu umw'umwe wese ashobore gusenga ibihetangabo vyinshi. Gusenga amasengesho magufi bituma umwanya wo gusenga ukundwa cane maze bikemerera Mpwemu Yera kwandika mu bwenge bw'abagize umurwi bose uburyo bwiza bwo gusenga. Ntibikenewe ko wama ijambo ryose rihereza canke ritangurirwa na "Data udukunda" hamwe na "Amen." Ico ni ikiyago kibandanya uba uriko uragirana n'Imana.

### ***Agacerere***

Nk'umurongozi, ntiwigere wihariza umwanya wo gusenga. Intumbero n'uko ahubwo abandi bose bosenga. Imyanya y'agacerere ni myiza cane kuko iha akaryo Imana kuvugana n'imitima yacu. Reka Mpwemu Yera akore kandi uhereze umwe wese umwanya wo gusenga.

### ***Mu Kuririmba***

Indirimbo zitorewe ngaho ziririmbwa n'abagize umurwi bose, ziririmbwa hagati y'amasengesho bizana akandi kanovera mu bikorane vyo gusenga. Urutonde rw'indirimbo rwokoresha rwagiye ruratangwa ku mpera ya buri cigwa. Ntuhave wumva ko bikenewe

gukoresha izo ndirimbo zose, izo ni iziyumviriwe gusa. Ukuririmba ni uburyo bwiza bwo gutandukanya imyanya yo gusenga.

### ***Kwakira Imitwaro yo Gusengerwa.***

Ntukigere usaba imitwaro yo gusengerwa abantu bagize umurwi. Ahubwo bwira abo bantu basengere imitwaro yabo kandi uhimirize abandi ngo bemere ubwo buryo bwo gukora kandi basengere iyo mitwaro. Ehe impamvu: **Umwanya!** Ukuvuga kuvyerekeye imitwaro bizodufata hafi umwanya wacu wose wo gusenga. Satani aranzerezewa cane no mu gihe ashoboye tuguma tuvuga ingorane aho gusengerwa iyo ngorane. Abagize umurwi bazokomeza kenshi batanga impanuro bongera batanga imiti yose ishoboka. Ariko tuzirikane ko inkomezi ziva k’Uhoraho! Uko tubandanya dusenga niko ubushobozi bwiwe bukomeza kwiyerekana.

### ***Umwanya wanyu wa buri musi***

Birahambaye cane! Menya neza ko mwebwe nk’abarongozi muramara umwanya buri musi ku birenge vya Yesu, munganira nawe kandi musoma Ijambo ryiwe. Ukumenya Imana niwabigira nyambere mu buzima bwawe, ivyo bizokwugururira inzira nziza y’imibereho. “Mu kibanza c’ibanga c’amasengesho havuyeyo ubushobozi bwanyiganyije isi yose mu gihe c’ubugorozi buhambaye. Aho rero, hamwe n’agacerere kera, abakozi b’Umwami bashize ibirenge vyabo kw’ibuye ry’amasezerano yiwe” (**Intambara Ihambaye, urupapuro. 210** mu rurimi rw’Icongereza). Igihe umurongozi asenze, Uhoraho nawe aca akorerera ku mitima!

### **Ivyo Dusabwa gukora nk’Ivugabutumwa mu Misi Cumi yo Gusenga**

Yesu ntabwo aduhamagarira gusenga gusa ariko kandi gufasha mu buryo bw’umubiri n’ubw’impwemu abatuzengurutse hirya no hino yacu. “*Nari nshonje, murangaburira, nari mfise inyota, mumpa ico nywa; nar’ ingenzi, mumpa indāro; nagenda gusa, muranyambika; nari ngwaye, muza kurāba uko meze; nari mw ibohero, muza kundāba*” (**Matayo 25 :35, 36**).

Mu gitabo citwa ***Igikorwa co Gukiza*** dusoma amajambo agira ati: “Dutegerezwa kubaho ubuzima bw’uburyo bubiri—ubuzima bw’iciyumviro hamwe n’ubuzima bw’igikorwa, isengesho ryo mu gacerere hamwe n’igikorwa gishimitse” (Urupapuro 512 mu rurimi

rw'Icongerezwa). Twararonse urukundo rudasanze rwavuye ku Mukiza wacu, kandi turafise amahirwe yo gusabikanya urwo rukundo n'abagenzi, ababanyi hamwe n'abanyamahanga barukeneye.

Saba Imana uburyo wewe hamwe n'ishengero ryawe mwoshobora gukorera abandi inyuma y'iyi misi cumi yo gusenga. Ubwo mugiyeye gukora ngo mutegure ibikorwa bitandukanye, mwirinde ko izo nteguro zobaciramwo mu mwanya wo gusenga.

*“Akigoro k'umuntu mu gukorera abandi gategerezwa gutangurirwa n'isengesho ridasanze ryo mu mwiherero; kuko bisaba ubwenge bwinshi bwo gutahura ubuhinga bwo gukiza imishaha. Imbere yo kuvugana n'abantu, banza wihererane na Kristo. Ku ntebe y'ubuntu yo mw'ijuru niho turonkera umwiteguro wo gukorera abantu”* (**Prayer, urupapuro 313 mu rurimi rw'Icongerezwa**).

Ngubu bumwe mu buryo bwo gufasha abandi. Hitamwo icyo aricyo cose gihuye n'ivyankenerwa vy'ikibano cawe, kandi ni wumva bikenewe murashobora kwongeramwo ibindi vyiyumviro vyanyu.

- ✓ Tegurira ibifungurwa umuntu ararwaye.
- ✓ Tumira umubanyi/uwo mukorana ku kazi munezeranwe.
- ✓ Hereza ibifungurwa uwutagira aho akika umusaya.
- ✓ Tanga impuzu wipfuzako nawe bokugabira.
- ✓ “Iyandikeko (adopter)” umuntu ageze muzabukuru. Mugendere buri musu kandi umufashe ibikorwa vya buri musu, ugusuma, uguteka, canke ibikorwa vyo mu murima.
- ✓ Kora imikate hanyuma uyisabikanye n'umubanyi wawe.
- ✓ Fasha umubanyi wawe imigambi yiwe.
- ✓ Ha indaro umuntu arwaye canke umuntu w'umukehabwenge kugira ngo abamurwajije bashobore gusimba gukora utundi dukorwa.
- ✓ Ifatanye n'umubanyi wawe mu migambi.
- ✓ Imenyekanishe ku mubanyi wawe mushasha mu kubatumira gusangirira hamwe. Mufashe ku buryo yumva ko yakiriwe neza mu kibano.
- ✓ Gura ibifungurwa kandi ubihereze imiryango ibikeneye.
- ✓ Tanga amarori yawe ya kera ku barwaye amaso muhuje uburwayi.
- ✓ Tanga Ivyigwa vya Bibiliya.

- ✓ Gendera abantu bari mu bitaro.
- ✓ Hereza amafaranga yo kugura “ibifungurwa” umunyeshure.
- ✓ Egeranya ivyambarwa vyo guha ababikeneye. Utegerezwa gutangurira kubakwegereye bari mw’ishengero ryawe kugira ngo basangire n’abandi.
- ✓ Tanga imashini yawe nyabwonko canke ibindi bikoresho bikoresha vy’umuyagankuba.
- ✓ Tanga imodoka yawe wakoreshaje.
- ✓ Mutegure ivyigwa vy’intungamagara “Health Expo.”
- ✓ Rungikira ikarata yawe abafunzwe.
- ✓ Tegura urukurikirane rw’amavugabutumwa.
- ✓ Hamagara ababanyi bawe kandi ubabaze uko bamerewe.
- ✓ Gabira umuntu igitabo wiyumvira ko akeneye.
- ✓ Musabikanye ivyandiko vyitiriwe GLOW (biboneka iyo ubisavye kuri uru rubuga ngurukanabumenyi arirwo: [www.glowonline.org/glow](http://www.glowonline.org/glow)).
- ✓ Tumira umuntu runaka kwemera Yesu mu buzima bwiwe.
- ✓ Tegura ishure ryigisha guteka.
- ✓ Tanga ibitabo bivuga ivyerekeye Imana.
- ✓ Shira ibifungurwa umuntu runaka yapfishije uwiwe.
- ✓ Gendera abantu bari mu bitaro mu ntumbero yo kubatera intege canke kubafasha mu buryo runaka.
- ✓ Somera amajambo y’Imana umutama canke umutamakazi ageze mu zabukuru.
- ✓ Gendera irerero ry’impfuyi mu ntumbero yo kuryunganira kandi mufashe abakozi bahakorera.
- ✓ Tanguza umurwi wo gushona kugira ngo bashone impuzu zo gutanga.
- ✓ Somera Bibiliya umuntu adashobora kubona canke ngo asome.
- ✓ Tegura igiteramo c’abana kizoba mw’ijoro.
- ✓ Tegura kwubakira inzu ku bantu batishoboye.
- ✓ Tanga ibitabo mu marerero y’impfuyi.
- ✓ Twara abana mu bibanza bibamwo abageze mu zabukuru babagendere. Munahakorere integuro yo gusenga.



- ✓ Mutegekanye kwakira umusi wo kunezereza abana bagendana ubumuga hamwe n'imiryango yabo.
- ✓ Mutegure umusi w'ibikorwa rusangi vyo gusukura.
- ✓ Tanguza umurwi wo kugira amagara meza mw'ishengero ryanyu. Nimutumire n'ababanyi n'abagenzi.
- ✓ Saba umuntu niba yoshobora kwifatanya namwe mu kuraba isinema irimwo ubutumwa bw'ivy'Impwemu. Mu gihe muba muriko murayirabana n'uwo muntu, senga usaba Mpwemu Yera ngo avugane n'umutima w'uwo muntu.
- ✓ Tanguza umugambi w'iwawe.

Mu vyerekeye ibindi bintu vyinshi bivuga ivyerekeye ibishingantahe vyashikirijwe, ja ku rubuga ngurukanabumenyi arirwo uru rukurikira:

[www.revivalandreformation.org/resources/witnessing](http://www.revivalandreformation.org/resources/witnessing).

### **Ijoro ry'Amasengesho**

Mutegekanye gufata ijoro ryose ryo gusenga muri ino misi cumi yo gusenga.

Nk'akarorero, murashobora gutangura isaha cumi na zibiri z'umugoroba (18h00) hanyuma mugasozera isaha cumi na zibiri z'igitondo (6h00). Muhitemwo umwanya ushobora kworohera abagize umurwi bose kugira babe bahari atanumwe avuyemwo.

### **Kubera iki ijoro ry'amasengesho ?**

Nta kintu na kimwe "cera" kiri mu kuguma ukanuye ijoro ryose kandi uriko urasenga. Ariko kandi, ijoro rishobora kuba ariwo mwanya wonyene aho abantu ata gikorwa na kimwe baba bariko barakora kandi ata kibahutagiza. Twizera ko intumbero yanyu itazoba iyo kuguma mukanuye ijoro ryose ariko ko kazoba akaryo kadasanzwe ko gusenga gushika wumvise ko wasengeye ikintu ico arico cose Imana yariko irashakako wosengera.

Twobaha icyumviro ko abantu batari bake borongora iyo nteguro yo mw'ijoro. Mukore ibishoboka vyose haje harabamwo umwanya w'akaruhuko. Nk'umurongozi, urashobora kwumva uko ibintu bimeze kandi ukamenya igihe ikiruhuko gikenewe n'igihe kibereye co kuva ku murwi w'amasengesho ngo muje ku wundi murwi.

Murashobora kandi gushiramwo ibisomwa vy'imirongo yo muri Bibiliya muri uwo mwanya wo gusenga. Murashobora gushaka gukorera icarimwe ibintu vyose vyatanzwe

canke bimwe muri vyo, bivanye n'uko mubona ivya nkenerwa ku murwi. Ntimubure guhindura urutonde rwatanzwe nk'uko muvumva.

**Integuro Mwoshobora Kwifashisha mw'Ijoro ry'Amasengesho**

**Tanguza no guhimbaza.** Muhimbaze Imana mu masengesho yanyu kandi munabikore biciye mu ndirimbo.

**Mufate umwanya runaka wo kwihana,** murabe neza ko atakintu na kimwe cobabera intambanyi ngo Imana ntibumve. Muhereze abantu akaryo ko kwaturira Imana ivyaha vyabo mw'ibanga kandi baronke umwanya wo kwihana. Himiriza abantu kwaturira mw'ibanga ivyaha vyabo bakoreye mu mpisho hamwe no kwaturira ku mugaragaro ivyaha bakoreye ahabona. Muri **Daniel 9:1-19** dusoma ivyerekeye Daniel, yasabiye kandi akaturira ku mugaragaro ivyaha vy'ubwoko bw'Imana.

**Musengere ivyo abantu baje mu bikorane vy'amasengesho bakeneye.** Abantu benshi barakomeretse canke barakeneye amasengesho cane. Bitayeho, barazi umuntu wundi akeneye mu buryo budasanzwe isengesho. Mukore umuzingi, mushire intebe hagati, hanyuma mutumire abo bantu bose bafise imitwaro idasanzwe ngo baze umw'umwe musabikanye imitwaro yabo. Hanyuma nimuzenguruke uyo umuntu babiri canke batatu basengere ico akeneye mu buryo butomoye mugusaba ishitswa ry'amasezerano y'Imana.

**Gabura umurwi wanyu mu mirwi ibiri. Saba abakenyezi bakorere integuro yo gusenga mu cumba kimwe (bafise umukenyezi nk'umuyobozi wabo) Abagabo nabo mu kindi cumba (bafise umugabo nk'umuyobozi wabo).** Ibintu abantu benshi bakeneye ntibishobora gusabikanywa n'umuntu uwo ariwe wese. Biroroha cane kubisabikanya n'abantu basangiye igitsina.

Inyuma yo gusubira gukoranira hamwe mwese, **sengera ubukene bw'ikibano canyu hamwe nubw'ishengero ryanyu.** Vyongeye nimufate umwanya wo gusengera **imitwaro y'ishengero kw'isi** (iyo mitwaro yaradondagawe mu buryo butandukanye mu bikoresho vy'imisi cumi yo gusenga). Ntiwumve ko uca wirukira mu rutonde rwose rw'imitwaro yatanze. Urashobora kuyigabagura mu mirwi mito mito maze umurwi wose ukawuhereza abawusengera.

**Sengera rwa rutonde rw'abantu batanu gushika ku ndwi wakomeje gusengera muri kino kiringo c'imisi icumi.**

**Hitamwo umurongo wo muri Bibiliya maze musenge ariwo mukoresheje.**

**Musozere umwanya wanyu wo gusenga mukoresheje ikindi gice co guhimbaza hamwe n'amashimwe.**

### **Amasezerano yo muri Bibiliya Twokwishuza mw'Isengesho**

#### ***Amasezerano yo Kuronka Mpwemu Yera***

*“Uhoraho abe ariwe musaba imvura ngw igwe mu gihe c'itasura, muyisabe Uhoraho arema imiravyo; na we azobaha imvura y'umuvuvu, umuntu wese amumereze imirima.”*

#### **Zekariya 10:1**

*“None mwebwe, ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw'ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye?”* **Luka 11:13**

*“Arik' Umwitsa, ariwe Mpwemu Yera, uwo Data azorungika mw izina ryanje, niwe azobigisha vyose, kand' azobibutsa ivyo nababariye vyose. Uwo ni yaza, azohinyuza ab' isi, abemeze ivy' icaha, n'ivy'ukugororoka, n'ivy' amateka.”* **Yohana 14:26; 16:8**

*“N'ukuri, n'ukuri ndababwire: Unyizera, ibikorwa jewe nkora na we azobikora: kand' azokora ibibiruta, kuko jewe ngiye kwa Data. Kand' ico muzosaba cose mw izina ryanje nzogikora, kugira ngo Se ashimagizwe mu Mwana. Ni mwagira ico musaba mw izina ryanje, nzogikora.”* **Yohana 14:12-14**

*“Aranyishura, ati Ngiri ijambo Uhoraho atumye kuri Zerubabeli, ati Si kubw' inkomezi, si kubw'ubushobozi, ariko ni kubwa Mpwemu wanje, ni k'Uhoraho Nyen'ingabo agize”* **(Zekariya 4: 6).**

#### ***Amasezerano y'uko Imana Yishura Amasengesho***

*“Ni mwaguma muri jewe, amajambo yanje akaguma muri mwebwe, musabe ico mugomba cose, kizobabera kuno.”* **Yohana 15:7**

*“Nuko ni twēgēre intebe y'ubuntu dushize ubwoba, kugira ngo turonke ikigongwe, tubone Ubuntu bwo kudutabara mu gihe gikwiye.”* **Abahebulayo. 4:16**

*“Ni co gitumye mbabwira yukw ivyo musenga canke musaba vyose, mwizere yuko mubihawe, kandi muzobibona.”* **Mariko 11:24**

*“Uz’ unyambaze ku musu w’amagorwa, Nzogukiza, nawe uzompesha icubahiro.”* **Zaburi 50:15**

*“Kandi ndababwira ukuri yukw ababiri muri mwebwe ni bahuriza inama mw isi gusaba ikintu cose, Data wo mw ijuru azokibakorera.”* **Matayo 18:19**

*“Kand’ ivyo muzosaba vyose musenze, mwizeye, muzobihabwa.”* **Matayo 21:22**

*“Kand’ ico muzosaba cose mw izina ryanje nzogikora, kugira ngo Se ashimagizwe mu Mwana. Ni mwagira ico musaba mw izina ryanje, nzogikora.”* **Yohana 14:13, 14**

*“Kur’ uwo musu, nta na kimwe muzombaza. Ni ukuri, n’ukuri ndababwire: Nihagira ico musaba Data cose azokibaha mw izina ryanje. Kugeza ubu nta co mwasavye mw izina ryanje; musabe muzohabwa, ng’umunezero wanyu wuzuzwe.”* **Yohana 16:23, 24**

*“Kand’ ubu ni bwo bushizi bw’ubwoba dufise kuri yo, nukw’iyo dusavye ikintu cose gihwanye n’ivy’ igomba, itwumva. Kandi ko tuzi yuko yumva ico dusavye cose, bitumenyesha yuko duhawe ivyo tuyisavye.”* **1 Yohana 5:14, 15**

### ***Amasezerano Yerekeye Ubushobozi bw’Imana***

*“Mbega har’ ikinanira Uhoraho? Igihe gishinzwe, umwaka ugeze ah’uyu ugeze, nzogaruka i wawe Sara yavyaye umuhungu.”* **Itanguriro 18 :14**

*“Uhoraho ni we agira ngw abarwanire, namwe ni mwinumire gusa.”* **Kuvayo 14 :14**

*“Yesu arabitegereza, arababwira, ati Kubw’ abantu ntigishoboka, ariko ku Mana s’uko, kuko vyose bishobokera Imana.”* **Mariko 10 :27**

*“Ihamagara n’iyo kwizigirwa; no kubikora izobikora.”* **1 Ab’i Tesalinike 5 :24**

*“Ati nzi yuk’ushobora vyose, kandi kw atagishobora kubuza imigabo yawe”* **Yobu 42 :2**

*“Ko bimeze birtyo, tuvuge iki? Bisanzwe Imana iri mu ruhande rwacu, uwoturwanya ni nde? Ītimanye Umwana wayo ikamutanga kubwacu twese, izobura ite kutugabirira vyose kuri we?”* **Abaroma 8 :31, 32**

*“Ereg’ Imana s’umuntu ngw ibeshe, Kandi s’umwana w’umuntu ngo yisubiremwo! Ivyo yavuze, mbega ntizobikora? Ivyo yashinze ntizobishitsa?”* **Guharura 23 :19**

*“Ntiwaribwabimenye? Nturavyumva? Uhoraho n’Imana ihoraho, Umuremyi w’impera z’isi; ntadendebukirwa, nta ho aruha; ubwenge bwiwe ntibusesangurika. Ni we aha inkomezi abadendebukiwe, kand’ ūtagira intege amwongeramw’inkomezi. Imisore yodendebukirwa, ikaruha, n’imisore y’imikangara yokwicakw igatamba, arikw abiteze Uhoraho bazokwama biyubura mu nkomezi nsha, bazodūgisha amababa nk’ inkukuma, biruke ntibaruhe, bagende ntibadendebukirwe.”* **Yesaya 40 :28-31**

#### ***Amasezerano y’Uburongozi bw’Imana***

*“None si jewe nkwiabaririye, nti Shikama, ushire amanga? Nuko ntutinye, nturanduke umutima kuko jewe Uhoraho Imana yawe ndi kumwe nawe ah’uzoja hose.”* **Yosuwa 1 :9**

*“Kand’ ehe raba ndi kumwe na we, nzokuzigama ah’uzoja hose, kandi nzokugarukana mu’ iki gihugu; kuko ntazokureka ntarakora ivyo nkubariye.”* **Itanguriro 28 :15**

*“Ehe ngira ntume umumalayika imbere yanyu, abazigame mu nzira, abashikane aho nateguye.”* **Kuvayo 23 :20**

*“Arikw iyo nimwaharonderera Uhoraho Imana yanyu, mukamurondeza imitima yanyu yose n’ubugingo bwanyu bwose, muzomubona.”* **Gusubira mu Vyagezwe 4 :29**

*“Ati Mpamagara, nanje ndakwitaba, nkwereke ibihambaye n’ivyikinze, ivy’ utaribwamenye.”* **Yeremiya 33 :3**

*“Umwonga wose uzokuzuzwa, n’umusizi wose n’akarambi bizoringanizwa; ahār’ udutumba hazotega, uduhogoro ducike ikiyaya. Maz’ ubwiza bw’ Uhoraho buzohishurwa, kand’ abafise umubiri bose bazobubonera rimwe, kukw akanwa k’Uhoraho ari ko kabivuze.”* **Yesaya 40 :4, 5**

*“Nzokwigisha nkwereke inzira ucamwo, Nzokugira inama, ijisho ryanje rizokugumako.”*

**Zaburi 32 :8**

*“Uhoraho ni we azokuja imbere; azobana nawe, ntazoguheba, ntazoguta; ntutinye, nturanduke umutima.”* **Gusubira mu Vyagezwe 31 :8**

*“Umuntu yubaha Uhoraho ni nde? Azomurangira inzira akwiye guhitamwo.”* **Zaburi 25 :12**

*“Wizigize Uhoraho umutima wawe wose, kandi ntiwishimikize ubwenge bw’iwawe: Umumenye mu ngendo zawe zose, Na we azogorora inzira zawe.”* **Imigani 3 :5, 6**

*“Ugahebera umushonji ivyo wari kurya, ugaḥāza impahazwa: umuco wawe uzorasira mu mwiza, kand’ umwiza wawe uzohinduka nko ku murango w’amashōka, kandi jewe Uhoraho nzokwama nkurōngōra, nzohāza ubugingo bwawe mu gihe c’ikigatwa, nguhe kunonoka mu magufa yawe; kand’uzomera nk’indimiro ikwegewemw’uruzi, kand’uzoba nk’isōko y’amazi adakama.”* **Yesaya 58 :10, 11**

*“Maze batarampamagara nzobitaba, kandi bakivuga nzobumva.”* **Yesaya 65 :24**

**Amasezerano yo Guhindura Umutima**

*“Kandi nzobaha umutima wo kumenya yuko nd’ Uhoraho: bazoba abantu banje, nanje nzoba Imana yabo, kuko bazongarukanak’ umutima wabo wose.”* **Yeremiya 24 :7**

*“Kand’ Uhoraho Imana yanyu azokūrah’ ukudakebwa kwo mu mitima yanyu, n’ukwo mu mitima y’uruvyaro rwanyu, kugira ngo mumukundishe imitima yanyu yose, n’ubugingo bwanyu bwose, mubone kubaho.”* **Gusubira mu Vyagezwe 30 :6**

*“Kandi nzobaha umutima musha, mbashiremwe’ impwemu nsha; nzokūra umutima ukomantaye nk’ibuye mu mibiri yanyu, mbahe umutima woroshe nk’inyama.”* **Ezekiyeli 36 :26**

*“Kand’ ico nizigiye ntakekeranya, n’uk’ uwatanguye igikorwa ciza muri mwebwe azogiheraheza gushitsa ku musi wa Yesu Kristo.”* **Abifilipi 1 :6**

*“Nuko rer’ umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’ icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha.”* **2 Ab’i Korinto 5 :17**

*“Nabambanywe na Kristo ariko ndiho; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w’Imana yankunze, akanyigura.”* **Ab’i Galatiya 2 :20**

*“Kand’ Imana Nyen’ amahoro ibe ariyo ibeza rwose: kand’impwemu yanyu n’ubugingo bwanyu n’umubiri vyose hamwe bizigamwe, ngo bize bisangwe bitagira umugayo, ah’ Umwami wacu Yesu Kristo azozira. Ibahamagara n’iyo kwizigirwa; no kubikora izobikora.”* **1 Ab’i Tesalonike 5 :23, 24**

### ***Amasezerano y’Imbabazi***

*“Maz’ abantu banje bitirirwa izina ryanje nibicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindikira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw ijuru, mparire ivyaha vyabo, nkize n’igihugu cabo.”* **2 Ngoma 7 :14**

*“Kuko wewe Mwami uri mwiza, ugabirije guharira, Kandi wuzuye imbabazi ku bakwambaza bose.”* **Zaburi 86 :5**

*“Kandi ni mwahagarara musenga, ni haba har’ico mupfa n’uwundi, mukimuharire, ngo So wo mw ijuru na we abaharire ivyaha vyanyu.”* **Mariko 11 :25**

*“Mugiriranire neza, mugirirane imbabazi, muharirane, nk’ukw Imana nayo yabahariye muri Kristo.”* **Abanyefeso 4 :32**

*“Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand’ igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose.”* **1 Yohana 1 :9**

*“Enda ni muze, twitātūre, ni k’Uhoraho agize; nah’ ivyaha vyanyu vyotukura tukutuku, bizokwera derere nka shelegi; naho vyotukura nk’agahama, bizohinduka nk’ubwoya bw’intama y’umwero.”* **Yesaya 1 :18**

*“Jewe, ni jewe nyene nsibanganya ibicumuro vyawe kubwanje, kand’ ivyaha vyawe sinzovyibuka ukundi.”* **Yesaya 43 :25**

*“Kandi ntibazoba bacigishanya, ng’umuntu wese yigishe mugenzi we, canke ngo yigishe uwo bavukana, ati Menya Uhoraho; kuko bose bazoyimenyera, uherye kuri nyarucari*

*ugashika k'uhambaye, ni jewe Uhoraho mbivuze; kuko nzoharira ukugabitanya kwabo, kand' icaha cabo sinzocibuka ukundi.*” **Yeremiya 31 :34**

*“Muri we ni ho duhērwa gucungurwa n'amaraso yiwe, ni kwo guharirwa ibicumuro vyacu, nk'ukw itunga ry'ubuntu bwayo riri.*” **Abanyefeso 1 :7**

***Amasezerano y'Intsinzi ku Caha***

*“Kukw icavyawe n'Imana cose kinesha isi; iyi ni yo ntsinzi yacu yatsinze isi, n'ukwizera kwacu.*” **1 Yohana 5 :4**

*“Ariko mur'ivyo vyose turashishwaho kunesha n'uwadukunze.*” **Abaroma 8 :37**

*“Arikw Imana ishimwe, iduha gutsinda kubw' Umwami wacu Yesu Kristo.*” **1 Ab' i Korinto 15 :57**

*“Ntutinye, kuko ndi kumwe na we; ntukihebure, kuko nd' Imana yawe: nzogukomeza, nzogutabara, mbere nzokuramira n'ukuboko kw'i buryo kw'ukugororoka kwanje.”*

**Yesaya 41 :10**

*“Kandi hamwe n'ivyo vyose mwābire inkinzo y'ukwizera, ni yo muzoshoboza kuzimisha imyampi ya wa Mubi yose yaka umuriro.”* **Abanyefeso 6 :16**

*“Nabambanywe na Kristo, ariko ndiho; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo muri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w'Imana yankunze, akanyigura.”* **Ab'i Galatiya 2 :20**

*“Kukw Imana ariyo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara.”* **Ab'i Filipi 2 :13**

*“Ndavuga nti Mugendeshwe na Mpwemu, ni ho mutazoshitsa ivy' akameremere kanyu kifuzza.”* **Ab'i Galatiya 5 :16**

*“Imana nyen'amahoro izofyonyorera satani vuba musi y'ibirenge vyanyu. Ubuntu bw'Umwami wacu Yesu Kristo bubane namwe. Amen.”* **Abaroma 16 :20**



*“Ntimushushanywe n’ivy’iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivy’ Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose.”*

**Abaroma 12 :2**

*“Ntimugakunde isi, cank’ibiri mw isi. Umuntu niyakunda isi, ugukunda Data wa twese ntikuzoba kuri muri we.”* **1 Yohana 2 :15**

**Amasezerano yo Gukiza Indwara**

*“Arababarira, ati Nimwagira umwete wo kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mugakora ibitunganye mu nyonga ziwe, mukwumvira ivyagezwe vyawe, mukitondera ivyo yihanikirije vyose, ngo Nta ndwara azobateza nk’izo yateje Abanyegiputa; ngo Kukw’ari we Uhoraho, abakiza indwara.”* **Kuvayo 15 :26**

*“Ibihindizo vyawe bizoba ivyuma n’imiringa, Kand’ ukw imisi yawe ingana, ni kw inkomezi zawe zizongana.”* **Gusubira mu Vyagezwe 33 :25**

*“Mutima wanje, himbaza Uhoraho; ntiwibagire ivyiza yakugiriye vyose. Ni we aharira ibigabitanyo vyawe vyose, Agakiza indwara zawe zose, Agacungura ubugingo bwawe ngo ntibuje mu mahonero, Akakwambika imbabazi no kugirirwa neza nk’igitsibo, Agahaza ubukambwe bwawe ivyiza, Agatuma usubira mu busore busha bumeze nk’ubw’inkukuma.”* **Zaburi 103 :2-5**

*“Ntukiyite umunyabwenge wewe ubwawe; Utinye Uhoraho uve mu bibi: Ivyo bizogutera kunonoka mu mubiri, no kugira umusokoro mu magufa yawe.”* **Imigani 3 :7, 8**

*“Yarakēngērwa, agahurwa n’abantu, yar’ umunyamibabaro, yarazi intimba ic’ari co, yakengerwa nk’umuntu abandi bahisha mu maso habo, na twe ntaco twamwibajijeko. N’ukuri n’izacu ntimba yishizeko, n’iyacu mibabaro yikoreye; ariko tweho twamwiyumviriye nk’uwakubiswe, nk’uwacumiswe n’Imana, akicurikirizwa n’akabonge. Yamara yacumitiwe ivyacu bicumuro, yajanjaguriwe ivyacu bigabitanyo: igihano kituronkesha amahoro cabaye kuri we, kand’imishishagu yiwe ni yo idukiza.”* **Yesaya 53 :3-5**

*“Mvūra, Uhoraho we, nanje ndakira; undokore, nanje ndarokoka: kukw ari wewe shimwe ryanje.”* **Yeremiya 17 :14**

“Ariko nzosubira kugukomeza, nzogukiza ibikomere vyawe, ni jewe Uhoraho mbivuze; kuko bakwise uwirukanywe, bati Ni Siyoni hatagifise uhababara.” **Yeremiya 30 :17**

“Nti Rāba nzohazanira gukira no kuvugwa, kandi nzobavura; nzobahishurira amahoro be n’ukuri vy’isinzi.” **Yeremiya 33 :6**

“Ariko mweho abubaha izina ryanje izuba ry’ubugororotsi rizobarasira, rifise ugukiza mu mababa yaryo. Maze muzosohoka mukina amatavu nk’inyana zivuye mu ruhongore.”  
**Malaki 4 :2**

“Muri mwebwe namba harih’urwaye, natumekw abashingantahe b’ishengero, baze kumusengera, bamusige amavuta ya elayo mw izina ry’Umwami wacu. Kand’ ugusenga gufataniye n’ukwizera kuzokiza umurwayi, Umwami azomuvyura: kand’ asanzwe yarakoze ivyaha azobiharirwa.” **Yakobo 5 :14, 15**

#### **Amasezerano yo Guhabwa Inkomezi zo Kurangura Ishaka ry’Imana**

“Nico gituma tutihebura; ariko, nah’ umuntu wacu wo ku rukoba arikw arabora, umuntu wacu w’imbere yama ahinduka musha uko bukeye. Kukw amarushwa yacu ahwahutse y’akanya ka none yiyongeraniye cane kudushikiriza ubwiza buremereye bw’ibihe bidashira. Natwe ntituraba ku biboneka, ariko turaba ku bitaboneka: kukw ibiboneka ar’ ivy’ igihe gito, arikw ibitaboneka bikaba ivy ibihe bidashira.” **2 Ab’i Korinto 4 :16-18**

“Twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw igihe ni cashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa.” **Ab’I Galatiya 6 :9**

“Nshobozwa vyose n’ūmpa inkomezi.” **Ab’i Filipi 4 :13**

“Kukw Imana ari yo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara.” **Ab’i Filipi 2 :13**

“Arambarira, at’Ubuntu bwanje buraguhagije; kuk’ ubushobozi bwanje buhingurirwa mu ntege nke. Nuko canecane nzozazererwa kwirata intege nke zanje, ng’ ubushobozi bwa Kristo bunzeke.” **2 Ab’i Korinto 12 :9**

### **Amasezerano yo Kuba Ivyabona vy’Imana**

*“Mwoye gutinya canke guhagarika umutima: kera sinababariye nkabiserura? Namwe mur’ ivyabona vyo kunshingira intahe. Har’ iyindi Mana atari jewe? Mbere nta kindi gitandara kiriho: jewe nta co nzi.”* **Yesaya 44:8**

*“Haguruka ukayangane, kuk’umuco wawe ushitse, kand’ ubwiza bw’Uhoraho bukaba bukurasiye.”* **Yesaya 60:1**

*“Arikw ivyo vyose biva ku Mana, yatwiyujije kubwa Kristo, ikaduha igikorwa co kugabura umwuzuzo.”* **2 Ab’I Korinto 5:18**

*“Arik’ Uhoraho arambarira, ati Nta co uvuga, ngo Ndacari muto; kuk’uwo nzogutumako wese ari we uzojako, kand’ ico nzokubarira cose akaba ari co ukwiye kuvuga.”* **Yeremiya 1:7**

*“Ariko muzohabwa ubushobozi, Mpwemu Yera ni yabazako, muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’ i Yudaya hose, n’ i Samariya, no gushitsa ku mpera y’isi.”* **Ivyakozwe n’Intumwa 1:8**

*“Ariko mweho mur’ ubwoko bwatoranijwe, mukoranije kuba abaherezi, mur’ ihanga ryera, abantu bashiriweho kuba inyegu yiharije, kugira ngo mukwize ishimwe ry’Iyabahamagaye, ikabakura mu mwiza, ikabashitsa mu muco wayo utangaje.”* **1 Petero 2:9**

*“Ariko mwubahe Kristo mu mitima yanyu kw’ari we Mwami, muhore mwiteguye kwishura umuntu wese ababajije inyanduruko y’ivyizigiro biri muri mwebwe, ariko muri n’ubugwaneza, mutinya.”* **1 Petero 3:15**

### **Isabato yo Guhimbaza**

Isabato ya nyuma y’imisi cumi yo gusenga muyigire umusi wo guhimbaza ubwiza bw’Imana n’ubushobozi bwayo. Ni mubwire abandi ingene mwabonye ubushobozi bw’Isengesho hamwe n’inkuru nziza y’ubutumwa bwiza butazoshira muri iyi misi cumi iheze. Muhimbarwe n’ivyo Imana yakoze, ivyo iriko irakora hamwe n’ivyo izokora.

Ubukene bwa buri shengero burisa, kubw'ivyo korana n'abarongozi b'ishengero ry'intango kugira ngo mutunganye indinganizo ihuye n'ubukene bw'ishengero ryanyu.

**Bimwe muvyoshirwa mu nteguro zo gusenga kw'isabato ya nyuma.**

***Icivugo***

“Ivyo Kugira Nyambere mu Kwizera: Ingeso Rukristo mu Bihe vy'Amakuba”

***Umurongo w'urufatiro***

: “Ko yakweretse iciza ico arico, ga yewe muntu: Mbega har'ikindi Uhoraho akugombako, atari ugukora ibiroranye, no gukundaa kugira imbabazi, no kugendana n'Imana yawe wiyoroheje?” (Mika 6:8)

***Indirimbo zishobora gukoreshwa :***

Nkunda Ubucuti buva mw'Ijuru 34

Yesu Nd'Uwawe Nyakira 25

***Ivyiyumviro Vyokwisunga mu Nsiguro :***

Umwungere, umukuru w'Ishengero canke uwundi mwizera ashikirize insiguro ngufi ku kamaro ku bijanye n'Ingeso Rukristo zashizweko akatuzo mu gitabo c'Imisi 10 yo Gusenga co mu 2024.

**Canke**

Musabe abitabiriye imisi cumi yo gusenga bashikirize bakurakuranwa mu minota ibiri canke umwe incamake y'ivyigwa vy'indongozi y'amasengesho ku musi ku musi.

Bavuge umutwe w'icigwa, umurongo w'ishimikiro, hamwe n'iciyumviro nyamukuru c'icigwa. (Mubitegekanye hakiri kare kugira ngo ntibaze bararenza umunota umwe canke ibiri. Ku bantu benshi umunota umwe uhura n'amajambo hagati ya 125 na 150)

**Canke**

Musabe abantu batatu b'imyaka itandukanye bategure ivyo boshikiriza bimara iminota itanu, ku buryo bihererana n'Imana ku giti cabo.

Ikigeretseko saba umuryango umwe canke ibiri basabikanye n'abandi ivyiyumviro vy'ingene babayeho ubuzima bwabo bwa Gikristo.

Murangize mugira umuhamagaro kubumviriza kugira ngo ubukristo bwabo bushingire kuri Kristo we nyene, kuri Bibliya kandi bagire imico n'imigenzo bishingiye ku vy'agaciro twasomye mur'iyi misis 10 y'amasengesho.

### **Imitwaro yo Gusengera yo ku Rwego rw'Isi Yose**

1. Mana turakwinginze, reka ikangura rikomeye ry'ukugororoka kwa mbere rishike mw'ishengero ryawe muri iyi misi ya nyuma. Dushobore guhagararira ukuri naho ijuru ryokoroka.
2. Mana, twereke uko twobaho tugusenga buri musi, umuntu wese ku giti ciwe, canke nk'umuryango.
3. Mana, ugurura amaso yacu tubone ibidusamaza vyo mu buzima bwacu. Ibintu bituma tudakomeza kuguhanga amaso. Dufashe tugesenge n'imutima yacu yose.
4. Mana dufashe ngo twame tuvuyuka buri gihe cose mu gatondo, uko hoba hakiri kare kose, kugira ngo turonke umwanya uhagije kandi mwiza wo kwiga Ijambo ryawe no gusenga.
5. Turagusavye ngo udushoboze kuza kuri wewe uko turi kwose, uko twiyumva, ubunyyantegenke bwacu, ivyaha vyacu, hamwe n'ivyo dukeneye vyose, kandi utwemerere udukunde, maze utugire abantu wifuza ko tuba.
6. Mana twigishe uko dusaba umubatizo wa Mpwemu Yera buri musi
7. Turasenze ngo imvura y'urushana ya Mpwemu Yera ikomeze igishingantahe cacu kandi bidushoboze kurangiza igikorwa Imana yaduhaye imbere yuko Yesu agaruka.
8. Mwami suka umuvyuro ukomeye nk'uwahoze mw'ishengero ry'intumwa wiganze mw'ishengero ryawe mur'iyi misi y'iherezo. Duhagararire ukuri n'aho ijuru ryokoroka
9. Mwami twereke uburyo dukwiye kwiyungira mw'isengesho rya buri musi, ryo mu mwiherero kandi ryo mu muryango

10. Mwami twugurure amaso tubone ibisamaza vyo mur'ubu bugingo. Ibintu bitubera intambamyi yo kukwiyegurira buri musi. Duhe umutima wo kugusegana umutima uhuye
11. Mwami, dushoboze tukwemerere kwama watuvyuye buri gatondo, mbere mu gaturuturu, kugirango tuze tumara akanya mu kwiga ijambo ryawe, no mw'isengesho dutekanye atabiriko biduhutagiza.
12. Turagusavye ng'udushoboze kuza kuri wewe uko turi, n'ibigumbagumba vyacu vyose, n'ubunyantegere nke bwacu, n'ivyaha vyacu vyose, mbere tukwemerere udukunde, uduhindure uduhingure ngo tube abo ushaka ko tuba.
13. Mwami, twigishe uko dusenga dusaba umubatizo wa Mpwemu umusi ku musi
14. Turasengeye umubatizo wa Mpwemu w'imvura y'urushana kugirango ikomeze igishingantahe cacu kandi inadushoboze kwiye gurira igikorwa cawe waduhaye gukora imbere yo kugaruka kwawe
15. Twereke uburyo twokunda imiryango yacu tukayitangira unatwereke uko twohindura abantu abigishwa, duhereye ku bana bacu bwite hamwe no gukundana ubwacu
16. Turasengeye ubwenge bwo guserangura, gutahura no gukurikira ijambo ry'Imana. Mwami, turakwinginze ngo wugurure imiryango kugirango ijambo ryawe rivugwe mu bibanza vyiyugaranye kubw'ubutumwa.
17. Mwami turakwinginze ngw'ishengero ryawe kw'isi yose ryitangire gutangaza ubutumwa bw'abamalayika batatu mu mahanga yose, mu ndimi zose. Twereke uburyo ibi vyose vyoshimikira ku rukundo, n'ukugororoka kwa Kristo.
18. Mwami, dufashe kwereka akarorero keza ku bana bacu n'abakiri bato uburyo bwo kubaho twisunze ubutumwa bw'abamalayika batatu
19. Data, fasha Abadivantiste bo kw'isi yose bitabe uwu muhamagaro wa "Ndagenda" kandi ngo bahitemwo umuhamagaro wo kugukorera no kuvuga ubutumwa bwiza bw'agakiza.
20. Turasengeye abakora igikorwa c'ubuganga, abashakashatsi, abarongozi b'ivy'intwari hamwe n'abarongozi mu vy'amagara ubahe ubwenge mu ngingo nyinshi bafata.

21. Turasengeye Abadiventiste bo kw'isi yose kugirango batange ubufasha budasanzwe hamwe n'indemesho kur'abo bababaye. Duhe umwete, gushiraho uburyo bwo gukora, udukuremwo impwemu y'ukwikunda kw'ababanyi bacu badukeneye cane.
22. Turasengeye abo ubutunzi bwabo bwahungabanijwe no gutakaza akazi kubw'amahinduka y'ivy'ubutunzi.
23. Mwami, turakwinginze ngo wereke abayobozi b'ishengero uburyo bwo gufasha abo baruhijwe n'ingorane z'ingwara zo mu mutwe kandi bugaranywe.
24. Turasengeye aba pasitori n'amashengero ngo baronke inzira irashe yo kuzigama umukuku mu gusengera hamwe ubudahumeka. Mwami fataniriza hamwe ishengero ryawe mu gusenga no mu gikorwa.
25. Turasengeye ikangura ryo mu vya Mpwemu hagati mu Badiventiste b'umusi w'indwi bo mu mashure yisumbuye na za kaminuza zo kw'isi yose. Bafashe nyabuna ngo babe abaserukizi b'ukuri ba kristo
26. Turasengeye ama purusa 69 bo mw'isi batarigera basigurirwa ku mugaragaro ivya Yesu.
27. Turasengeye ama miliyoni 62 y'abantu bo mu bisagara 28 vyo mu ma Leta y'aba Soviyete (Division Euro-Asiatique).
28. Turasenze kugirango Imana ihagurutse abakorana bushake (Missionnaires) bishimiye gukora mu migwi y'abantu igera kuri 746 mu bihugu 20 vyo mu buseruko bwo hagati.
29. Mwami turakwinginze ng'uhagurutse abanyeshure b'Abawaridensi bo mu misi ya nyuma kugira bagukorere mu turere tugoye
30. Turasengeye abizera b'Abadiventiste b'umusi w'indwi bari mu gahamo canke bapfunzwe bahorwa ukwizera kwabo.
31. Turasenze kugirango ama miliyoni 202 y'abantu bo mu bisagara 41 bitarashikirwa neza n'ubutumwa vyo muri Diviziyo ya Aziya na Pacifique ngo bamenye Yesu.
32. Turasengeye ishure ry'Isabato hamwe n'igisata c'ibikorwa vy'ab'abanyeshengero kuri bur'ishengero ry'intango kugirango barondere indinganizo y'Imana kandi ngo bihatire gushikira imiryango itandukanye biciye mu bikorwa vy'urukundo, ivyigwa vya bibiliya hamwe no gushinga intahe kwa buri wese.

33. Turasengeye ADRA kugirango ibere inyishu ibereye ku bw'ingorane zo mw'isi
34. Turasengeye imiliyoni 16 ziba mu bisagara 6 bitarashikirwa neza n'ubutumwa vyo muri Diviziyo ya Pacifique yo mu bumanuko
35. Turasenze kugirango Mpwemu yera adufashe kumenya uko twoshikira imiriyoni 406 z'abantu baba mu bisagara bitarashikirwa n'ubutumwa neza vyo muri Diviziyo ya Aziya na Pacifike ya Ruguru
36. Mwami, turakwinginze ngo uhezagire igikorwa c'ivugabutumwa mu bigo vy'Abadiventiste kugirango gishishikarize abajejwe ico gikorwa mu bigo hamwe mbere n'abizera babinezererewe kugirango barangure ico gikorwa ku masinzi y'abapfunzwe.
37. Mwami turasengeye abigisha b'Ishure ry'Isabato. Bafashe kumenya ukugene igikorwa cabo kidasanzwe ku bana bacu
38. Mwami turagusavye ngo utuyobore kubw'ibigo vyo gukwegakwega abantu, integuro z'ivy'amagara no mu miryango hamwe n'imigwi y'abatwara muco mw'isi yose
39. Mwami, twereke uko dukwiye kurungika ibitabo n'izindi nyandiko mbere no mu vy'ubuhinga ngurukana bumenyi vyuzuyemwo ukuri kw'iki gihe tubirungikira imiryango y'ababa mu turere dutandukanye. Turasenze kugirango abantu bazisome kandi Mpwemu Yera abemeze ukwo kuri kwa Bibiliya.
40. Mwami, turagusavye ngo uzigame abakoranabushake bakorera mu bibanza bigoye
41. Turagusavye ngo uhagurutse abavugisha ubutumwa ibitabo, abanyeshure bitangira ivugabutumwa, abanditsi, abahinga muvy'itumatumanako ry'amakuru, kandi haboneke n'ubufasha kugirango bikunde gushwiragiza ubutumwa bw'ivyizigiro kandi buzana ubugingo
42. Turasengeye amashure yose y'Abadiventiste, abanyeshure n'abigisha kw'isi yose. Turasenze kugira ayo mashure yigishye mu bwizigirwa ukuri kwa Bibiliya kandi bayoborere urwaruka mu gikorwa cawe kandi bagirane imigenderanire Rukristo.
43. Mwami duhe ubwenge bwo gushikira imiryango ititaho ivy'Imana. Emerera Mpwemu wawe guseniyura ibihome bizengurutse imitima ataco yitaho mu vy'Imana.



44. Duhezagire mu gihe twegera abagizwe abaja mu vyo gusenga ibigirwamana hamwe n'imyizere y'ubukoko. Dushoboze kubatahura kubw'iyi mbono yabo hama tubahamagarire kurondera agakiza kabo
45. Mwami turagusavye uhumekere Abadiventiste b'Umusi w'indwi kugirango basenge kuruta uko bigeze kubikora. Twigishe kwishuza amasezerano kandi twame twiteze ko ugiye kwimura imisozi igihe cose tubisavye.
46. Turasengeye imigwi y'abantu bagera kuri 541 baba mu bihugu 18 vyo muri Diviziyo ya Africa y'amajaruguru n'ibahari Indiyano. Barongore ubashitse ku kuri.
47. Twereke uburyo bwo gushira mu ngiro mu gushitsa ivy'impuzi zikeneye. Reka ishengeru ryacu rimenyekanire ku rukundo ku bantu bose tutitaye ku bwoko bwabo canke iyo bava.
48. Turagusavye ngo uhagurutse abakoranabushake bo mu bisagara kugirango bashing amashengeru mu migwi y'abantu bashika ku 806 bo mu bihugu 20 vyo muri Diviziyo Inter-Europeenne.
49. Turankwinginze uhagurutse igisirikare c'abakozi ngo bashinge amashengeru mu migwi ishika kuri 948 yo mu bihugu 38 vyo muri Diviziyo ya Inter-Amerika.
50. Turakwinginze utwigishe kwigisha imyizerere yacu mu buryo bwumvikana, mu nzira zitandukanye hamwe n'ukuri kwose kwa Bibiliya. Turagusavye ng'urukundo rwa Yesu rube ku ntimatima y'ivyizerwa vyacu vyose.
51. Mwami tegura urwaruka kugirango bashinge amashengeru mu mirwi igera kuri 789 y'abantu baba mu bihugu 9 vyo muri Diviziyo ya Amerika ya Ruguru.
52. Turagusavye utegure abakorana bushake kugirango bafashe imigwi 70 y'abantu baba muri Isilayeli.
53. Turakwinginze ngo uhagurutse abaranabushake b'abaganga kugirango bashinge amashengeru mu migwi igera kuri 830 y'abantu baba mu bihugu 11 vyo muri Diviziyo ya Afirika yo hagati n'ubuseruko.
54. Turagusavye ngo uhagurutse abasirikare barwanisha amashengeru kugirango basengere imirwi igera kuri 2568 y'abantu baba mu bihugu 4 vyo muri Diviziyo ya Afirika ya Aziya yo mu bumanuko.

55. Emerera imiryango yacu kugirango ihishure urukundo mu miryango yacu.  
Turagusavye ng’ushire umwumvikano mu miryango yacu, ng’ukize imigenderanire yacu yononekaye, ng’ukingire ababangamiwe n’amarushwa mbere kandi uhishure ubushobozi bwawe bweza mu bihe bigaragara ko ata vyizigiro.
56. Turakwinginze ngo uhagurutse abaganga kugirango bashinge amashengero mu migwi igera kuri 1978 y’abantu baba mu bihugu 22 vyo muri Diviziyo ya Africa y’uburengero no hagati.
57. Turasengeye abantu bagera ku miliyoni 49 baba mu bihugu 19 bigoye gushikirwa vyo muri Diviziyo ya TransEurope.
58. Turasengeye abana bacu. Bahe ububasha bwo kukuvugira bashize amanga imbere y’intambanyi nyinshi n’ibirusha. Bafashe gufata ingingo zibereye no mu guhagararira ukuri
59. Twigishe gukurikira akarorero ka Kristo ko kwiyanka mugushira mu ngiro ivy’abantu bakenera buri musu na cane cane ku bantu twegeranye. Duhe uburyo bwo kugukorera nk’abakoranabushake b’abaganga, abakoranabushake bo mu kibano no kuba abagenzi b’abakene.

## Ivyerekeye Umwanditsi

Frank M. Hasel, Ph.D., yize ivy'ivy'Iyobokamana kandi akaba ari umwanditsi akorera muri Aba ar'Umwanditsi w'ibitabo akongera akaba kandi n'Uwungirije Umuyobozi w'Ikigo kijejwe Ubushakashatsi bwa Bibliya (BRI) ku cicaro gikuru c'Ishengero ry'Abadivantiste b'Umusi w'Indwi kw'isi kiri i Silver Spring, MD. Mu gitabo ciwe, Urukundo ni Urugendo rw'Umubabaro, Ubuntu n'Amashimwe (*Love Is! A Journey of Grief, Grace, and Gratitude*) (Cascade, 2024), yatanze igishingantahe ciwe mu mahoro menshi c'ingene yabuze umugore wiwe yishwe na Cancer, atanga ibintu bigaragara ku bijanye n'umubabaro n'ico bisobanura guca mu bihe vyo kubura nyakubura mu buzima.

Yavukiye mu Budage, akaba yakoze nk'Umwungere yavyerejwe, Umwigisha wa Bibliya, Umurongozi w'Igisata c'Iyobokamana mu Burayi, imbere y'uko aja muri Leta Zunze ubumwe za Amerika. Frank akura umunezero mu migenderanire agirana na Yesu, akaba akunda kuganira, akunda abantu bagira Ubuntu, akunda kuja kuraba ivyaremwe, agakunda rimwe na rimwe gukora amabarafu y'iforomaji.

Frank yizera adashidikanya ko inyigisho za Bibliya zituma umuntu atera imbere, zigakomeza imice yose y'ubuzima. Hamwe woba wifuza kubandanya ukurikirana ivyiwe, wo mukurikiranira kuri Instagram ([@frank.m.hasel](https://www.instagram.com/frank.m.hasel)) kuri Facebook (<https://www.facebook.com/Frank.M.Hasel>), canke mukaraba ku rubuga website [www.frankmhasel.com](http://www.frankmhasel.com)

Iki gikoresho c'imisi cumi yo gusenga categuwe n'Ishirahamwe ry'Abungere ku rwego rukuru rw'Ishengero ry'Abadivantiste b'Umusi w'Indwi kw'isi yose.

## **Umusi wa Mbere: Igenekerezo rya 10 Nzero 2024**

### **BUKEBUKE NIRWO RUGENDO**

Ubuzima bwacu bwa misi yose bwuzuyemwo ibintu vyinshi twama twipfuzaga gukwirikirana. Ikibano cacu kironyonye mu busazi n'uguharanira inyungu mu buguzi no gukwegakwega abaguzi, mur'ubwo buryo nyene biroroha ko twisanga twishizemwo uko tworundanya ibintu vyinshi n'uko tworushiriza kugira umunezero. Bivanye n'amahayanishwa-gurisha atuzengurutse, turihenda mu kwibaza ko vyose vyoba ivyacu. Rimwe na rimwe mbere icyumviro kiranadushikira no mu gikorwa c'Imana. Turashakaga gukorera Imana ariko kandi tukanipfuzaga ko tutotakaza akantu na kamwe duhurira mu nzira turimwo. Turagerageza guhuza mu buryo budafashe ku gukorera Imana hamwe no kwama twakumakumye ibintu vyose. Ivyo rero bidukwegera igihuhusi c'ibikorwa. Mur'ubwo buzima butagiramwo umutekano n'ikiruhuko dusanga twakorokeye mu kwihenda ko dushobora gukwirikira Imana tutabanje kwirengagiza ibindi bintu bidutwara umwanya. Iyo rero twisunze ibi vyiyumviro bipfuye bikatujya imbere mu'uru rugendo turi kumwe n'Imana icyo gihe tuba twihenze.

### **Kwama twiteguriye kurekura**

Ntidushobora kwikumirako vyose, ntitwoshobora guhobera isi n'ivyipfuzo vyayo vyose hama ngo twongere turonke imigisha y'Imana. n'ikosa ribi cane. Ibi biviyumviro bishingiye ku gutora aka na kariya bironona iviyumviro vyacu kandi bigira ingaruka mbi cane mu buzima bwacu bw'ivya Mpwemu. Ntidushobora gushira Imana hejuru y'ibindi bintu vyose ariko tutayemereye kwivanga mu bindi bice vy'ubuzima. Dutegerezwa ubwa mbere na mbere kuba twiteguye kubaho muri bike kugirango twishimire imigisha irushirizaho kuba myiza. Dutegerezwa kuvavanura n'ibintu vyose bidusamaza bidukura mu nyonga z'Imana bikongera bikatumara ubushobozi mu vy'umubiri, mu bwenge no mu vya Mpwemu. Iyo turushirije kwisuka mu bikorwa vyinshi maze tugakora cane ngo twiruke n'umwanya kubw'iryo rwirirana ry'ibikorwa, uburuhiro tunyaruka gusazamaze n'ivya Mpwemu bigahenebera.

## **Kubaho mu buryo buciriritse**

Mbega uruhagarara no gukora ibi na biriya vyoba biriko bikubuzza kuba mu buzima bwuzuye n’Imana? Imibereho yuzuye urusukirane rw’ibikorwa nta mwanya na mutoya busigira Umuremyi w’ijuru n’isi. Dutegerezwa kuzirikana ko kugira umwitwarariko muke w’ibikorwa arivyo vy’ingira kamaro. Ntituzigera tubona imigisha idasanzwe, imyanya ikwiye yo gusenga, umwanya ukwiye wa buri kintu cose co mu vya Mpwemu mu gihe tugerageza kuvyongerako isahani zuzuye z’ibindi bintu. Urwo rusukirane rw’ibikorwa nta kindi ruzana atari gusaza imbura gihe. Dutegerezwa gufata ingingo n’intumbero yo kubaho dufise intumbero n’imyitwarariko y’ibikorwa bike gutyo ngo bikunde ko dushobora kunezererwa ibidasanzwe ku Mana. Bike vyiza nivyo vy’ingira kamaro.

## **Reka dusengere hamwe.**

Imigwi yose y’amasengesho irafise uburyo butandukanye bwo gusengera hamwe. Turabahimiriza ngo mushobore kumara umwanya uri hagati y’iminota ya 30-45 mw’isengesho ribabumbiye hamwe, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu Yera aza kubarongoramwo turabasaba kugira umwanya uhabwa umuntu mu gusenga ko woba hagati y’iminota 1-3 kandi hagakoreshwa amajambo make arashe. Ibi bigafasha ko beshi bashobora kuronka akaryo ko gusenga kenshi gashoboka. Aha musu hariho uturorero tumwe tumwe two gusenga biciye mu Vyanditswe na cane cane dushingira ku civugo c’aya masengesho. Urashobora gusenga kandi wishimikije ibindi bisomwa ukongera ukanashiramwo izindi ngingo mu mwanya wawe wo gusenga. Ni murabe mu gitabo c’indongozi yo gusenga ishengeru ku rwego rw’isi ryadusavye gukoresha.

## **Imitwari n’ivyiyumviro vyo gusengera: Dusengere ijamba ry’Imana**

“Nuko mwirinde cane uburyo mugenda, mwoye kugenda nk’imburabenge, ariko mugende nk’abanyabenge, 16 mugura uburyo mubugwiza, kukw imisi ari mibi”. **Efes 5:15,16**

**“Mwirinde cane uburyo mugenda mwoye kugenda nk’imbura bwenge ariko mugende nk’abanyabwenge.”**: Mana yacu, mu bufafara bwacu turakeneye ubuntu bwawe n’uburwaneza bwawe. Twarujje umurenge w’ibikorwa mu buzima bwacu. Turakeneye ivugurura, ukweza n’intumbero nshasha y’ivyo dukwiye gushira imbere ubwa mbere.

Twigishe icari co kubaho ariko dufise bike kugirango dushobore kubaho dushira imbere ibirushiriza kuba vyiza. Turashaka kuba abanyabwenge ariko ubwenge mva juru. N’utuyobore kuko tubisenze mw’izina rya Yesu Amen.

**Gukoresha Umwanya neza:** Yesu w’igicro cinshi, wamana umwanya ukwiye, kandi uzi ibikenewe kuvugwa no gukorwa buri gihe uko ibihe biha ibindi. Urakoze ku bikorwa vyawe vyiza kuriyi si. Nyabuna utwigishe uburyo dushobora gukoresha neza igihe cacu kuri wewe, cane cane mu bihe vyo mur’iyi misi ya nyuma. Uduhishure aho dutakariza umwanya kandi uduhe intsinzi ku bintu tuzi ko bidutwara umwanya munini mu buzima bwacu. Amen.

**“Kuko iminsi ari mibi”:** Mana, turatahura ko isi iri hafi kurangira. Ibimenyetso bigaragara hirya no hino. Nyamara, kenshi na kenshi turangazwa cane no kwibera mu vyacu, canke guhemuka, ku buryo twibagirwa ko turi ku mpera z’ibihe. Tuyobore mu vyo twiyemeje vyose kugeza aho tukwiyegurira burundu hamwe n’igikorwa cawe watujeje umwe wese. Ongerera uhindure ubuzima bwacu kugirango duhuze n’ubugombe bwawe. Amen.

#### **Ubundi buryo bw’amasengesho**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbaze Imana ku bw’ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n’ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengerera ibikenewe mw’Ishengero ku rwego rw’isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwano yanyu:** Sengerera imitwano y’abizera b’ishengero ryanyu, umuryango n’ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

Indirimbo zatoranijwe: **Indirimbo ya 3 ni ya 28**

## Umusi wa Kabiri: Igenekerezo rya 11 Nzero 2024

### AKAGA KO KUBURA UMWANYA UHARIWE IMANA

“Nuko za ntumwa zikoranira aho Yesu ari, zimudondera ivyo zakoze vyose n'ivyo zigishije. 31 Arababgira, ati Ni muze mwebge mwenyene ahiherereye mu gahinga, muruhuke gatoya. Kuko hari benshi banyurana, babura n'ingene botamira utwo kurya” **Mark 6:30-32**

#### Imirimo mu gikorwa c'Imana

Ibikorwa vya misi yose n'umwami wo mu buzima. Imibereho y'iki gihe hamwe n'urusukirane rw'ihayanisha-gurisha ku baguzi vyadusizemwo iyindi myizerere: uko turushiriza kuburira Uhoraho umwanya niko turushiriza kwiyumva ko twubashwe. Nta mwanya vyahindutse ikimenyetso c'umwete n'ubushake bwo gukora neza no gutera imbere. Ariko mu gihe tubaye ba nta mwanya mu mibereho, twisanga twibagiye kubaho no kunezererwa ubuzima, usanga biteye agahinda. Igiteye agahinda kurushiriza n'akaga abayoboke benshi ba Kristo barimwo: ingene biyumvira igikorwa c'Imana. Akenshi tubikora ku bw'impamvu nziza zishoboka. Turazi ko igihe ari gito. Turashaka kurangurira Imana ibintu vyinshi. Kubw'ivyo, twama duhanganye no kubura akanya. Turashaka kuba abazemwira bintu beza b'umwanya n'ingabire. Ni vyiza gufatirwa cane n'Imana, kandi rimwe twiyumvira ko Imana izoduhembera ibikorwa tuyikorera, ariko ugasanga mu bikorwa vyacu tuyikorera, twaratakaje ubwiyunge nyabwo n'Umucunguzi wacu. Turiko dukora ibikorwa vyiza kubera akamenyero, tudakoresheje inkomezi za Mpwemu Yera. Kandi uko turushiriza gutwarwa n'ivyacu, niko turushirizaho kwibaza ko turi mu bugombe bw'Imana. kwamana ibikorwa vyahindutse umwizerere mushasha. Nta mwanya bishemagiza kubura umwanya kwacu kugeza aho tubura umwanaya wo gushishikarira ivy'agaciro. Nta mwanya bimenagura inkomezi zacu z'ivya Mpwemu. Kwihuta n'umwansi w'umubano w'urukundo uwo ariwo wose, cane cane umubano dufitanye n'Imana nzima imenyerwa mu Vyanditswe. Urukundo rusaba umwitwarariko mu myanya itarimwo kwihuta.

#### Inshingano yo kuruhuka

Ntibitangaje kubona Imana y'Ivyanditswe iduhamagarira incuro nyinshi guhagarara dushikamye, kwitegereza ico igiye gukorera ubwoko bwayo (**2 Ngoma 20:17; Zaburi 37:**

7). Imana ishishikariza abana bayo kutihuta. Irazi uburyo twotakaza mu nyonga zayo vyihuse mu gihe ivyiyumviro vyacu vyuzuyemwo igihuhusi c'ibikorwa vyacu. Kimwe mu bintu vyiza cane vyerekana akaga ko guhora tukaburira umwanya Imana tubisanga mu gihe Umwami wacu Yesu yafata akanya ko kuruhuka. Ellen White yafashe nka nkama iyi ngingo idasanze yaranze Yesu n'abigishwa biwe mu gikorwa bari barimwo: “begurira ubuzima bwabo bwose n'umutima wose ku gikorwa, kandi ivyo vyararuhisha umubiri n'ubwenge vyabo. Yari inshingano yabo kuruhuka” (**Desire of Ages, p. 360**). Kwamana ibikorwa bisangangura inkomezi z'ubwenge mu vya Mpwemu n'ibikorwa vyiza

Ihutihuti n'umwansi akomeye w'urukundo dukunda Imana. Aho kugira ingwiza murongo y'ibintu vyinshi ku ndinganizo y'imyanya yacu yacu, reka tugabanye nyabuna kandi duhe umwanya ukwiye, usunikire ukwitanga kw'umutima bu buryo bwiyoheje ku Mwami n'Umuremyi wacu.

### **Reka dusenge hamwe.**

**Umwanya wo gusenga (iminota 30-45):** Imigwi yose y'amasengesho irafise uburyo butandukanye bwo gusengera hamwe. Turabahimitiriza ngo mushobore kumara umwanya uri hagati y'iminota ya 30-45 mw'isengesho ribabumbiye hamwe, mu nzira iyo ariyo yose Mpwemu Yera aza kubarongoramwo turabasaba kugira umwanya uhabwa umuntu mu gusenga ko woba hagati y'iminota 1-3 kandi hagakoreshwa amajambo make arashe. Ibi bigafasha ko beshi bashobora kuronka akaryo ko gusenga kenshi gashoboka. Aha musi hariho uturorero tumwe tumwe two gusenga biciye mu vyanditswe na cane cane dushingira ku civugo c'aya masengesho. Urashobora gusenga kandi wishimikije ibindi bisomwa ukongera ukanashiramwo izindi ngingo mu mwanya wawe wo gusenga. Ni murabe mu gitabo c'indongozi yo gusenga ishengeru ku rwego rw'isi ryadusavye gukoresha.

**Gusenga twisunze Ijambo ry'Imana** – “Nuko za ntumwa zikoranira aho Yesu ari, zimudondera ivyo zakoze vyose n'ivyo zigishije. Arababgira, ati Ni muze mwebge mwenyene ahiherereye mu gahinga, muruhuke gatoya. Kuko hari benshi banyurana, babura n'ingene botamira utwo kurya”. **Mariko 6: 30–32**

**“Garuka”:** Data, twaragize urwangara cane mu gukora akazi kawe ku buryo twibagiye ko ari igikorwa cawe waduhaye. Urakoze kutwibutsa ko dukeneye kugaruka, kuruhuka, no



kunezererwa akaruhuko uduhaye. Urakoze ko tutari imashini ahubwo turi ibiremwa bantu. Utubabarire mu gihe twahinduye ibikorwa vyacu ikigirwamana mbere no kubona ico turi twacubakiye mu buryo tugukorera. Nyabuna hindura ibikorwa vyacu bibeho mu bwizigirwa. Amen.

**“Ahantu h’ubugararwa”:** Mana, twikukuje urwamo rwinshi, ibintu vyinshi, ibisamaza vyinshi. Iyaba twamara igihe gikwiye dukorera ishengeru canke twishora mu bindi bikorwa runaka, tuzirikana ko dukeneye kuva kure kandi tukamarana umwanya wo kwiyumvira no gutakariza imyanya yacu mu bikorwa vyacu vya misi yose. Nyabuna turakwinginze tugirire ubunu kuko aribwo dukeneye kugirango dukoreshe umwanya ku bwawe gusa buri muni kugirango turonke akaruhuko kandi uturonse ibirushiriza kuba vyiza. Amen.

**“Ruhuka gato”:** Gukunda Yesu, ugendagenda kur’iyi si, urushirizaho gusobanukirwa ivy’ikiremwa muntu gikeneye. Urakoze gushira ahabona ubuzima bunengesereye dukwiye kubaho. Twereke uko ikiruhuko gikwiye kumera n’uburyo dushobora kuruhuka buri gihe kugiran go twinagure kandi twiyiteho. Amen.

### **Ibindi vyo kwisunga mu masengesho**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbaze Imana ku bw’ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambamyi zikunda kwibonekeza n’ingingo zama zafashwe.

**Ishengeru ryacu:** Sengera ibikenewe mw’Ishengeru ku rwego rw’isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwari yanyu:** Sengera imitwari y’abizera b’ishengeru ryanyu, umuryango n’ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbozatoranjwe:** indirimbo y’177 hamwe n’iya 37

## Umusi wa Gatatu: Igenekerezo rya 12 Nzero 2023

### IMIGISHA YO KWIHANGANA

“Ni mwisigireho mumenye ko ari jewe Mana” (Zaburi 46:10)

#### Ico Bibiliya ishingira intahe ku bijanye no kugenza buhoro

Mur’iki gihe kigengwa n’ingendo idahinduka yiganziwe n’igwirirana ry’ugwamo nta kintu na kimwe kigira akamaro kungana umutekano no kugabanya urwamo. Mur’ubu buzima budatekanye, ivya nkenerwa vya buri musi bisaba kugaba cane. Twaramenyereye ubuzima bw’ivyiyumviro bishingiye kuvyihuta ubwo twama twitega ko ibintu bitegerezwa kwihuta uko biri kwose. Twaribagiye uburyo tworindira twihanganye, kandi uku kutihangana gushobora gukwegera akarambaraye ubuzima bwacu bw’ivya Mpwemu. Isukwasukwa ry’ibihenda maso bishingiye ku bufatanye bwo mur’iyi myaka vyarushirije gutuma iyi si igorana gutwara ibintu buhorobuhoro. Kwiga kwihangana mu bwitonzi no gutekereza hamwe no kwerekeza ivyiyumviro vyacu kuvy’Imana mu gihe tunganira n’Imana bishobora kuboneka nk’ikintu kitamenyerewe ku bantu benshi uyu musi, ariko nikwo kuri kwa Bibiliya twategerezwa guhamagarirwa kwakira. N’ivya nkenerwa rero gushimikira ku mwifato wo gutekanirwa bitashobora gusubirirwa n’ikindi kintu ca vuba na vuba kiretse gutegekanya akanya kigenga ko gusabana n’Imana. Kugenza buhoro, Kwihangana, gufata akanya ko kuruhuka, kwiyibutsa uburinzi n’uburwaneza vy’Imana, Kwihangana mu bwitonzi ntangere hamwe no kudashavura mu gihe Imana idashotse yishura amasengesho yacu, izi nizo nshingano twategerezwa gusubira kwiyigisha kenshi gashoboka.

#### Inyungu zo Kwihangana

Mu Vyanditswe Vyera turasangamwo abantu b’Imana bagize umwifato wo kurorera. Mu banditsi ba Bibiliya bagaragariza ukwihangana mur’iki kibazo: “bizogera ryari Mwami” (Heb 1:2, Dan 8:13) Nta vyizigiro bihaba iyo hatabaye kwihangana (Tito 2:13). Nta kuramiriza vyigera bibaho hatabayeho ukwihangana (Ivyah 14:12). Nta n’ugukenera Imana mu mitima yacu bizobaho hatabayeho kwihangana (Zaburi 42:1). Nta n’ubuzima bushoboka hatabaye kwihangana. Nta n’amateka ya buri wese hatabayeho kwihangana. Kwihangana burya n’igice kimwe kigize ukubaho kw’umuntu.

Iyo turindiriye kenshi usanga tuguma twita ku vyatubereye intambanyi gutyo tukibazako bizokamangana. Ariko kwihangana ntibisigura ko upfa kwiyicarira uko nyene ataco ukora, uguma wishiramwo ko ibihe vy'ingorane bizokwijana. Ku bwa Bibiliya, ikintu ca mbere coshirwa imbere mu gihe turindiriye n'ugushira mu muco uwo ndi n'uwo nipfuza kuzoba mur'ico gihe ndindiriyemwo. Kenshi ukwihangana kurambangamira nisunze ingingo yo mu vya Mpwemu: mbega mur'uko gutsindwa no kwihangana kwanje hamwe n'ugukekeranya ngira mbega noba ntabaza ubugwaneza bw'Imana hamwe n'ububasha bwayo? Mbega noba nzirikana ko mur'uko kwihangana kwanje noba mpanganye n'ikibazo kimwe rukumbi kandi kizomfasha kuba umuntu Imana yipfuza ko mba? Mur'iki cirwa co kwihangana, nshobora guhinduka nkaba uwundi muntu ntokwigera mba.

Iyo turavye mur'iyi nzira, Kwihangana uburyo Imana ikoresha kugirango ihingure umuntu, iduhindure hisunzwe ubugombe bwayo. Ku bw'ivyo rero, ukwihangana n'igikoresho c'Imana mu kugira neza kwayo hamwe n'ubuntu bwayo. Kwihangana bidufasha kurushiriza gusa n'Imana, yo irindira mu kwihangana kwinshi, kugirango ntihagire n'umwe atakara kandi vyashoboka ko yokizwa.

### **Reka dusengere hamwe**

#### **Umwanya wo gusenga Iminota iri hagati ya (30-45)**

Gusenga biciye mw'Ijambo ry'Imana- Zaburi 46:10

“Mugire ukwihangana kandi mumenye ko ari Jewe Mana”

#### **“Mube abihangana”**

Mana nitwabaye abantu bihangana, twebwe ubwacu twigize ba nta mwanya kandi twitera n'uruhagarara mu mutima, twishiramwo ngo tutabikoze ngo vyohava bigaragaza ko ata gaciro twogira. None Mana yacu, turakeneye udufashe ku vyikunkumura twige kugira ukwihangana no gutekana. Imitima yacu yaramugajwe n'ivyo twama twiteze ku bandi bantu bigatuma tuguma twiruka inyuma y'ikintu runaka. Dufashe kunezererwa n'uku kuri kwo gutekana twongere tuhungukire ivyiza kutuzanira. Vuga iri jambo “Mwihangane” mu mitima yacu ibuze ukwihangana. Amen.

## **“Ni mumenye ko ndi Imana”**

Yesu, kuba uri Imana yacu ukongera ukaba n’Umwami wacu bigira ubwaku budasanzwe mu buzima bwacu. Ariko kandi, turakekeranya kukugira vyose mu buzima bwacu. Turipfuzwa kwama dusuzuma ibintu kandi ntitwigera dushaka guhagarika ivyo twibereyemwo. Twigishe ko wewe Mana Umuremyi ari wewe uri vyose, ko ushoboye kudusindagiza mbere n’imigambi yacu gusumba n’uko dushobora kuba tuyibaza kiretse gusa tugize ukwihangana, tukarindira tukanazirikana ico uri. Amen.

### **Iyindi mitwaro yo gusengera**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbaze Imana ku bw’ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n’ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw’Ishengero ku rwego rw’isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y’abizera b’ishengero ryanyu, umuryango n’ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha:** Indirimbo ya 28.

## Umusi wa Kane: Igenekerezo rya 13 Nzero 2023

### UMWIDEGEMVYO KU GUSHIMIKIRA KU KWIYOROSHA

“Kand' iyo mwisonzesha, ntimwijirwe nk'uko za ndyarya zigira. Kuko biyoberanya mu maso ngo babonwe n'abantu ko bisonzesheje. Ndababgire ukuri: Baramaze guhabga impera zabo. Ariko weho, ni wisonzesha, wisige amavuta mu mutwe, wiyuhagire mu maso, ngo ntubonwe n'abantu ko wisonzesheje, arik' ubonwe na So aba mu mpisho, kandi So, abona ivyo mu mpisho, azoguhera”. **Matayo 6:16-18**

#### **Kwisonzesha bitanga akaryo**

Inzira imwe yo kubaho atakigusamaza mu vy’Imana ni ukwisonzesha. Kwisonzesha bisigura kworohereza ubwenge bwacu n’ubuzima bwacu mu kwegurira ikibanza igikorwa ca Mpwemu Yera muri twebwe mu gushimikira ku Mana be n’ijambo ryayo. Kenshi Bibiliya ifataniriza hamwe kwisonzesha hamwe n’igikorwa co gusenga. Yesu yarisonzesheje imbere y’uko atangura ku mugaragaro igikorwa (Matayo 4:2, Luka 4:2). Intumwa zarisonzesheje zongera ziranasenga kugirango ziyoborwe n’Imana (Ivyak 13:2,3), kandi mw’Isezerano rya Kera, kwisonzesha vyahora bikorwa kenshi mu bagabo n’abagore bizera (1 Abami 21: 9,12; 2 Ngoma 20:3; Ezira 8:21; Esiteri 4:3,16; Yesaya 58:6; Yereziya 36:9; Daniyeli 9:3; Yoweli 2:12; Yohana 3:5).

Mu buryo butandukanye n’uburyo bwo kwisonzesha mu bijanye no kugirira neza amagara, Bibiliya ntivuga ko kwisonzesha ari kwirinda imfungurwa runaka maze ukihereza ingaburo zategekanijwe kugirango utakaze ibiro. N’ingingo y’ubwenge ufata kugira wirinde imfungurwa runaka hamwe n’ibindi bisamaza ku bw’ikiringo canke umwanya runaka kugirango usenge wongere usabane n’Imana. Mu kubangira bimwe mu bintu twari tumenyereye, turunguka uwundi mwidegemvyo w’impwemu. Igihe twisonzesheje tunasenga umwitwarariko w’ibindi bikorwa vya misi yose urahinduka: ntituba tugihanze amaso ivyo dukenera buri musu, ntitunashimikira ku bikorwa vyacu ahubwo turumviriza ijwi ry’Imana. Bibiliya yerekana ko kwisonzesha ari ugukuzza muri twebwe ugutega amakiriro ku Mana tugashira umwitwarariko cane ku vya Mpwemu. S’ukudafungura gusa ariko kandi ku bice vyose bigize ubuzima bwacu. Mu kwisonzesha, turazirikana ko dukenera guha ikibanza Imana mu kugabanya ibidusamaza vy’uburyo bwose bikunda

kwigarurira umwitwarariko wacu hamwe n'ivyiyumviro vyacu. Turashika umwitwarariko ku kurondera mu nyonga h'Imana mu buzima bwacu gusumba ikindi kintu cose.

### **Kwihangana**

Ni gute twobaho ubu buzima bwo kwiyorosha, aho dushobora gushira imbere gusa ibintu vy'ingira kamaro gusa? Neza na neza, nkuko dusabwa kwirinda mu vyo dufungura, dutegerezwa kandi kwiyumvira neza ivyo dukwiye gushira imbere mu vyo turaba canke ivyo twumviriza n'amatwi yacu. Ivyo twumva bigira ubwaku ku vvyiyumviro vyacu mbere kandi no kuvyo turaba. N'ubwahe bwoko bw'umuziki, ibitabo, iradiyo canke urubuga ngurukana bumenyi bishobora kuroga ivyiyumviro canke ngo vyigarurire ivyiyumviro vyawe? Ikindi kandi, ukwirinda mu kuzibukira ibintu bimwe bimwe, urashobora kwipfuzza gutanguza muri wewe akandi kamenyero kazogufasha kunagura amagara yawe kanavure ivyiyumviro vyawe.

Ubuzima bwo kwiyorosha, impwemu itekanye, ntibizanana mu vy'isi iduhamagarira gushira imbere. Umutima unezerewe uzanana mu kwizigira Imana. Iyo twize gushira imbere kuri we atari gushira imbere ivy'abandi bakora, kandi mbere iyo tukiyigisha kwirengagiza ibintu bimwebimwe bidusamaza, turavamwo tukavumbura ubuzima bwiyoheje mu kuruhuka n'amahoro turi kumwe n'Umuremyi akongera akaba n'Umucunguzi wacu.

### **Reka dusengere hamwe**

#### **Umwanya wo gusenga Iminota iri hagati ya (30-45)**

#### **Gusenga biciye mw'Ijambo ry'Imana-**

“Kand' iyo mwisonzesha, ntimwijirwe nk'uko za ndyarya zigira. Kuko biyoberanya mu maso ngo babonwe n'abantu ko bisonzesheje. Ndababgire ukuri: Baramaze guhabga impera zabo. Ariko weho, ni wisonzesha, wisige amavuta mu mutwe, wiyuhagire mu maso, ngo ntubonwe n'abantu ko wisonzesheje, arik' ubonwe na So aba mu mpisho, kandi So, abona ivyo mu mpisho, azoguhera” **Matayo 6:16-18**

### **“Iyo mwisonzesheje”**

Data udukunda uri mw’ijuru, urakoze kuba uturonsa ivyo tuba dukeneye. Mu murengera no mumusesekara w’ibintu, kenshi turibagira ko kugira vyinshi bitama ari vyiza. Data, kwisonzesha ntivyama vyizanye uko nyene, turasavye ubushobozi bwawe bwo guhitamwo ukwihangana no kwirinda ibihenda maso hamwe n’ivyo vyose vyonona yaba imfungurwa, umuziki, amareresi, gusuma, n’ibindi. Twereke kandi ivyo dukwiye gushira imbere mu gusubiriza ibidafise akamaro. Dufashe guhitamwo ivyera n’ubuzima bwejejwe. Amen

### **“Nk’indyarya”**

Oh, Mana, turipfuzwa umutima uhinguwe. Utubabarire ku buryarya bwacu, mu vyo tuvuga, ivyo twiga, kuko dusigura mu buryo ubu, ariko tukabaho mu bundi buryo. Ivyo tugukorera twipfuzwa kubikora bivuye ku mutima wakwiyeguriye, umutima usunitswe n’urukundo, umutima wagizwe musha n’imbabazi zawe n’ubuntu bwawe hamwe no kuyoborwa na Mpwemu Yera. Reka ukwisonzesha kwacu, n’ibikorwa vya Mpwemu mbere n’ibikorwa vya misi yose bishobore kuba ikimenyamenya c’ukuri y’uko uri mu mitima yacu. Amen.

### **Iyindi mitwaro yo gusengera**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbaze Imana ku bw’ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n’ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw’Ishengero ku rwego rw’isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y’abizera b’ishengero ryanyu, umuryango n’ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha:** indirimbo ya 25

## Umusi wa Gatano : Igenekerezo rya 14 Nzero 2023

### GUSHIRA IMBERE IVY'AKAMARO MU MASENGESHO YACU.

“Nuko musenge murtya, muti Data wa twese wo mw ijuru, izina ryawe ryubahwe, ubwami bwawe buze, ivyo ugomba bibe mw isi nk'uko biba mw ijuru”. **Matayo 6:9, 10**

#### **Imitwaro yo Gusengera**

Kwibanda cane ku Mana no ku bintu ngira kamaro navyo biba ngira kamaro mu buzima bwacu bw'ivya Mpwemu. Kenshi amasengesho yacu arangwa n'intege nke canke adashikanye kuko kenshi usanga yerekeye ivyacu gusa. Kenshi dusenga Imana tuyisaba ivyo twipfuzza kwironkera. Twibanda kuvyo twikenereye hamwe n'ingorane zacu duhura nazo aho kwitaho Imana ubwayo.

Amasengesho ahimbara Imana aba afise intumbero zitandukanye. Intumbero nyamukuru ntabwo ar'iyoy gutunganya urutonde rw'ivyo dukeneye ariko cane cane hakwiye kuba intumbero ishingiyeye kukurondera Imana ubwayo. Iyi ndabo niyo rupfunguruzo rw'isengesho rizima. Ubwa mbere na mbere, isengesho rihimbara Imana n'iryo rizirikana Imana nk'umugenzi wanje pfampfe, uwo nipfuzza ko agendana nanje kubera ari ngira kamaro kuri jewe, atar'uko jewe hoba har'ivyo ndamukeneyeko. Ico Imana iri, nivyo vy'ingirakamaro cane gusumba ivyo Imana yompa. Kuyimenya niyo mvo nyamukuru intera kuvugana nayo ubwa mbere na mbere. Ntafise Imana muri jewe, ubuzima bwanje ntashingiro bwogira, kandi nta ntumbero n'imwe bwogira. Ikintu kiruta ibindi bintu vyose nosengera cotegerejwe kuba icipfuzo co kubana nayo. Ukubaho kwayo hamwe mbere no kuba ishingiro nyakuri ry'amasengesho yanje.

#### **Isengesho Rihindura n'Irishingiye ku Mana**

Isengesho rihimbara Imana ritanguzwa no kwipfuzza kubana nayo. Ntirikwiye gutangurwa n'ivyipfuzo vyanje canke imitwaro yanje. Igihe cose amasengesho yanje aterekejwe mur'iyi ndabo yo kugiriranirana imigenderanire y'urukundo nawe, nta kindi azozungurukako kiretse inyungu zanje aho kuba ubugombe bw'Imana. Igihe notahura ko imigenderanire n'Imana arivyo bikwiye kuba umushinge w'amasengesho yanje, imitwaro nshira imbere izokwerekezwa kurindi shingiro. Nzotangura gusenga nishimikije ubugombe bw'Imana.



Nzoca ntangura kubona imitwaro yanje, ivyipfuzo vyanje n'ivyo nshira imbere mbere n'ubuzima bwanje bwose nisunze indabo y'Imana. Iyo ngingo niyo ituma isengesho riba inkora mutima ku Mana. Iyo intumbero ijanye n'imigenderanire n'Imana ikuwe mw'isengesho, iryo sengesho rica riba iryo kwikwegerako gusa, inarije n'ukwihenda. Isengesho rishingiye cane ku Mana ribohora iviyumviro vyanje ngo ntibisubire kwikwegerako. Rinshoboza kuba umwizigirwa ku Mana. Biciye mu muco w'urukundo rwayo n'ukwera kwayo, nca ntangura kwibona ugutandukanye n'uko nahora. Intumbero nyamukuru y'isengesho s'iyo kwironkera ivyipfuzo vyanje ahubwo n'iyo gushing'imizi mu migenderanire n'Imana ihindura ubuzima. Biroroshe cane gusaba ibintu Imana ubwa mbere imbere y'uko unezererwa kugendana nayo.

Iyo nshize umwitwarariko wanjye kuri kamere y'Imana, ivyiza vyayo, hamwe n'ivyo ishoboye gukora, hanyuma kandi ngashikiriza isengesho ryanje rivuye mu mutima uhimbarwa no kuyihimbaza, isengesho ryanje mur'ico gihe riba rizima mu vya Mpwemu, kunezererwa Imana no kuyubaha vy'ukuri. Amasengesho yanje ntasubira kuba ayashingiye ku ngorane zimpanze ahubwo azoshingira ku bugombe bw'Imana we muhanyi w'ivyo nkeneye vyose. Amasengesho ben'ayo aranduza akanshikana munyonga zayo. Ntahindura Imana ahubwo ahindura jewe. Kuki utotangura gusenga uku? Bizohindura ubuzima bwawe.

### **Reka dusengere hamwe**

#### **Umwanya wo gusenga Iminota iri hagati ya (30-45)**

#### **Gusenga biciye mw'Ijambo ry'Imana-**

“Nuko musenge murtya, muti Data wa twese wo mw ijuru, izina ryawe ryubahwe, ubwami bwawe buze, ivyo ugomba bibe mw isi nk'uko biba mw ijuru” **Matayo 6:9, 10.**

**“Data wa twese wo mw'ijuru, izina ryawe ni ryubahwe”**

Data mwiza wo mw'ijuru, uri Imana. Uri kibirengeye, igitangaza kandi wisakaye ubwiza n'icubahiro. Uri mwiza bitangaje. Ni wewe kuri, ugororoka, kandi wuzuye urukundo, turipfuzza kukumenya bihagije. Turashaka ko buri musu kamere yawe iba itwiganzira, ubwenge bwawe, ubuntu bwawe n'ubugombe bwawe. Tubohore ku kwikunda twama

twashize imbere, kandi uvugurure amasengesho yacu yame ashingiye kivy’ugomba. Amen.

**“Ubwami bwawe ni buze, ivyo ushaka ni bibe”**

Mwami, ubwami bwawe nibwo bwonyene twipfuzaga guha ikibanza ubwa mbere mu minezero yacu. Ubwami bwawe n’urukundo, ukuri, ubutungane n’ukugororoka. Ivyiyumviro vyacu, imigambi yacu n’uburyo dukoramwo ibintu ntabwo bitunganye, ariko ubugombe bwawe bwama butunganye. Sabagiza ubwami bwawe mu mitima yacu no mu buzima bwacu uyu musu. Dushoboze kukumenya uwo uriwe. Amen.

**Iyindi mitwari yo gusengera**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbaze Imana ku bw’ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n’ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw’Ishengero ku rwego rw’isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwari yanyu:** Sengera imitwari y’abizera b’ishengero ryanyu, umuryango n’ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha**

Indirimbo ya 89 hamwe n’iy’186

## Umusi wa Gatandatu : Igenekerezo rya 15 Nzero 2023

### GUSHIR'AMANGA, UMWETE NO KWIHANGANA

“Twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw igihe ni cashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa.” **Ab'i Galatiya 6:9**

#### Umwete w'ivya Mpwemu

Gushir'amanga mu vya Mpwemu n'ikintu tudashobora tudakwiye gufatira hamwe n'ibibazo vyo kwizera. Ariko ni ngira kamaro mu mibereho yacu ya misi yose mu kugororoka nkuko biri mu bindi bice vy'ubuzima, mu myimenyerezo yo gushika kw'ihangiro mu bikorwa vy'ubucuruzi. Ata gushir'amanga, kunesha n'ikidashoboka. Gushira amanga n'ubugombe bufadikaniye no kwihangana mu rugendo rushikana kw'ihangiro tuba dushimikiyeko cane. Kugira dushike kw'iryo hangiro, dutegerezwa gutunganya ubuzima bwacu ku buryo atana kimwe kidusamaza. Turakenera cane ubwo bushizi bw'amanga mu rugendo rw'ivya mpwemu turikumwe n'Imana, kandi turabikeneye mu buryo bw'umwihariko mu buzima bwacu bw'amasengesho. Kenshi na kenshi ntitwigera tubona inyishu y'amasengesho yacu kubera turambirwa n'ingoga mw'isengesho. Birashoboka ko tugira urwangara tugasamara canke tukarambirwa n'ingoga, canke mbere ugasanga mu mitima yacu twabivuyemwo kera, ntitucizeye ko Imana ishobora kutwumva kandi ngw'igire ico ikora mu buryo burengeye mbere n'ugutahura kwacu. Muri Luka 18 Yesu yabwiye abigishwa biwe inkuru y'umupfakazi atahengeshaniye kwereka umucamanza agabitanya ingorane imuzigirije. Nubwo uyu mucamanza atatinye Imana n'abantu, kubera uyu mupfakazi yaramuzigirije (Luka 18:1-7), kubera Imana yoyo itagabitanya, kubw'amasengesho yacu atitiriza ntabwo yirengagiza amasengesho yacu nk'uyu mucamanza agabitanya. Imana yishimira kudufasha gusumba uko tuvuyibaza (Yeremiya 33:3).

Ico dukeneye uyu musu, mu miryango yacu, mu mashure yacu no muvyumba vyacu vy'uburyamo, mw'ishengero ryacu no mu miryango yacu, n'abantu basenga. Ariko atari abantu bavuga ivy'amasengesho, abavuga ukwizera mu masengesho, ikindi kandi abashobora gutanga insiguro ibereye kuvy'amasengesho. Dukeneye abantu bafata akanya gakwiye ko gusenga.

## **Kuramiriza**

Imana mu kwishura amasengesho ntiyisunga ibintu vyihuta canke ibizimbutse. Kenshi mu ntambara ihambaye iri hagati y’Imana na Satani turakeneye amasengesho yo kuramiriza. Dutegerezwa kubinezererwa kandi tukaramiriza mu masengesho yacu kuberako ingengabihe y’Imana itandukanye n’uko twiyumvira. Ni gake cane Imana ica mu nzira z’ubunya ntege nke iyo iriko itunganya inyishu z’ubu Mana ku bantu. Ntabwo inezererwa n’inzira yo kwiyorohereza ariko ihimbarwa no guca mu nzira nziza yemewe. Mu masengesho yacu, ntiduharanire kuronka ibitagira akamaro canke ngo duharanire kuronka ibintu vy’akanya gato. Imana iranezerwa cane iyo dushikanye mu gusenga ata gucika intege.

Mu cumba co kwigiramwo ca data, uwahoze ari umwungere w’umuvugabutumwa yama yashitse ku ntumbero, hariyo igisomwa ca Ellen White canteye kwiyumvira cane: “Intsinzi ihambaye y’ishengero rya Kristo canke ku mukristo umw’umwe ku giti ciwe, ntabwo ari zirya ziboneka kubw’ingabirano, canke ibivuye ku kwiga, ubutunzi canke ibakwe rivuye ku bantu. N’izo ntsinzi ziboneka bivuye mu kiganiro cabereye mu cumba hamwe n’Imana igihe ukwizera kw’ukuri kandi kutajegajega vyishimikije ukuboko kw’Ishobora vyose.” (Abakurambere n’Abahanuzi, p 203).

## **Reka dusengere hamwe**

### **Umwanya wo gusenga Iminota iri hagati ya (30-45)**

#### **Gusenga biciye mw’Ijambo ry’Imana-**

“Twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw igihe ni cashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa.” **Ab’i Galatiya 6:9**

**“Twame dukora ivyiza ntiducobogore”**

Yesu, ni wewe mu babayeho kw’isi wihangana. Ntiwigeze widohoha ku gikorwa cawe c’ubuherezi no gufasha abantu. Ivyo Satani n’abandi banyavyaha bagusutseko ntaco vyakugize, wagumye ur’uwo uri, kandi mu rukundo, waritanze ku bwacu. Natwe kugeza ubu dufise agaciro, oh Mana! Twigishe ukwo gushikama kwo mu buryo bw’impwemu, na

cane cane mu buzima bwacu bw'amasengesho. N'utugire abasoda b'abasenzi batigera badohoka. Amen.

**“Tuzokwimbura igihe gikwiye gishitse”**

Data udukunda, turagushimira kubona waratwemereye gukorana nawe mu gikorwa cawe kur'uyu mubumbe witwa isi. Urakoze kubw'umunezero w'igikorwa cawe, hamwe n'umunezero wo kwinjira mu mugabane wo kuzana abandi ku gakiza. Rimwe na rimwe turumva ducitse intege kandi tukisanga twonabivamwo, ariko turasenze ng'uduhe kwihangana no gushira amanga kwo muvy'impwemu ukwo dukeneye ngo dukore igikorwa waduhamagariye gukora. Urakoze kuko uzoduhezagira kandi tukaba tuzobona ivyamwa vy'iki gikorwa gihezagiye. Amen.

**Iyindi mitwaro yo gusengera**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbaze Imana ku bw'ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha**

Indirimbo ya 81 hamwe n'ya 98

## Umusi w'Indwi: Igenekerezo rya 16 Nzero 2023

### AGACIRO KO KWIYOROSHA

“Ni mwagiriranira urukundo, ni ho bese bazomenya ko mur' abigishwa banje” **Yohana 13:35**.

#### Akaranga Kadasumbwa

Ku mpera y'ubuzima bwawe, iyaba vyokunda ko bokwibuka n'imiburiburi ku karanga kakuranze kamwe gusa, mbega wibaza ko koba akahe? Mu gihe vyoboneka ko hakenewe akaranga kamwe mutwakuranze no mu vyo wakunda, wohitamwo akahe? Inyishu nyinshi zirashoboka, ariko urupfunguruzo rumwe rudende mu turanga tw'Imana kotegerezwa kugaragara mu vyaranze ubuzima bwawe bwose. Muri Tito 3:4, Bibiliya itubwira ko ubugwaneza bw'Imana, Umukiza wacu n'urukundo ikunda abantu arivyo vyadukijije.

Ubugwaneza! Ubugwaneza bw'Imana. Ubugwaneza nirwo rurimi mpuzamakungu rushobora gutahurwa haba ku bato n'abakuze, abatunzi n'aboro, abagore n'abagabo, impumyi n'ibipfamatwi. Ubugwaneza nta ntambanyi bw'imvugo iyariyo yose bugira. Ubugwaneza burakwegakwega kurya indirimbo nziza iryohera amatwi. Ukumwenyura kw'umugenzi, ubufasha buje mu gihe gikwiye, guterwa intege mu gihe c'umwiheburo, ijambo ryo gutera intege mu myanya twumva twihebuye, ivyo vyose bifataniriza hamwe mu gufasha bimwe biboneka mu guhingura ingorane zo mu buzima bwacu bikoroshwa tunashobora kwihanganira. Uburwaneza ntibuzogusaba ikiguzi kirenze, ariko bushobora kuzana itandukaniro ridasanze mu buzima kur'abo bese bushikako hamwe mbere no mu buzima bw'abo babusabikanya n'abandi. Ubugwaneza n'uburyo bwo gusabikanya.

#### Umukundwa w'Umukristo

Yesu yarazi ko ubugwaneza bw'abayoboke biwe bushobora kwerekana igishingantahe c'ukwizera kidasanzwe. Imbere gato y'uko ahemukirwa no kwicwa, imbere y'uko yoza ibirenge intumwa Yesu yarababwiye ati: “Ni mwagiriranira urukundo niho bese bazomenya ko mur' abigishwa banje” (Yohana 13:35). Ellen White yaragize ico avuga kur'iki ciyumviro: “Ijambo rikomeye mu gushira imbere Ubukristo n'Umukristo akunda akongera agakundwa.” (**Igikorwa co gukiza, p.470**). Iyo turiko dukorana n'abandi mu bugwaneza,

urukundo rwacu rushobora gushika ku mutima mu nzira idasanze irengeye ikarengana imbibe z'idini, z'ubwoko n'ivyiciro vyo mu buzima. Ndibaza ko Imana yaturemanye ugushaka gutanga no guhabwa ubugwaneza kandi ko ivyo vyerekana ubuntu bw'Imana dusenga. Muri Yona 4:2 dusoma ko Imana ari inyabuntu n'inyembabazi, iteba kuraka. Iciumviro c'ubugwaneza bw'Imana kirimbika cane muri Bibiliya mw'Isezerano rya Kera na Rishasha.

Ibikorwa vyacu vy'ubugwaneza buzana ihumire n'umugisha atari ku Mana gusa ariko kandi no ku mutima w'Imana. Ubugwaneza ntibushingiye ku bintu bibi bituzengurutse canke ku bandi bantu. Ahubwo bwerekana kamere y'Imana hamwe n'uburyo idukorera. Reka turushirize kwisunga kuvya nkenerwa mu buzima kandi tumenyekanire ku burwaneza kuri bose.

### **Reka dusengere hamwe**

#### **Umwanya wo gusenga Iminota iri hagati ya (30-45)**

#### **Gusenga biciye mw'Ijambo ry'Imana-**

“Ni mwagiriranira urukundo, ni ho bose bazomenya ko mur' abigishwa banje” **Yohana 13:35.**

“**Ni mwakora ivyo niho bose bazomenya ko muri abigishwa banje**”

Mana yacu, mbega ukuntu igikorwa waduhaye kiringaniye? Dushira akatuzo kw'iyobokamana, ubuhanuzi, ivyizegwa nshingiro, uburyo bwo kubaho ... ku bw'ivyo uko ivyo bintu vyoba vyiza gute, ivy'ukuri, ivy'ingirakamaro eka mbere n'ivy'ingenzi mu mibereho, waravuze neza ko kandi, ikirushiriza kuba ciza n'uko urukundo ariryo hishurwa ridasanze ry'ukuri. Dushoboze kubaho twerekana urukundo n'ubugwaneza hamwe n'ukuri nk'uko wabikoze ibihe bidashira. Amen.

#### **Ni mwagiriranira urukundo**

Yesu wacu, duharire kubw'ukwikunda kwacu. Nitwigeze dutahura namba urukundo rw'i Karuvari. Tubabarire uko twiyumvirana, ivyo tuvuga kuri bagenzi bacu. Nyabuna, Mana yacu twuzuze urukundo rw'ubumana. Tugire abaserukizi b'urukundo n'ubugwaneza.

Abantu babone Yesu muri twebwe hamwe n'ingene twitaho abandi. Duhindure tube ivyamwa vya Mpwemu mu buzima bwacu, turakwinginze. Amen.

### **Iyindi mitwaro yo gusengera**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbaze Imana ku bw'ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambamyi zikunda kwibonekeza n'ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

### **Indirimbo zo gukoresha**

Indirimbo ya 80 hamwe n'iya 17



## Umusi w'Umunani: Igenekerezo rya 18 Nzero 2023

### GUSHIMA

“Ni co gituma kubera twakira ubwami budashobora kunyiganyizwa, dukwiye gukenguruka, kugira ngo tubone ingene dukorera Imana tuyihimbaye, tuyubaha, tuyitinya.”

**Abaheburayo 12:28**

#### Umutima ubona ibintu mu buryo bwiza

Hari umutima wama wegamiye ku Mana. Muri Bibiliya twama twatewe intege cane kugira umutima ben'uwu wihariye kubera uhimbara Imana kandi ko ari umugisha kuri twebwe. Iyi myifato n'ubugwaneza. Mu cete candikiwe Abaheburayo havuga hati “Ni co gituma kubera twakira ubwami budashobora kunyiganyizwa, dukwiye gukenguruka, kugira ngo tubone ingene dukorera Imana tuyihimbaye, tuyubaha, tuyitinya” **Abaheburayo 12:28**. Ukugira neza bihimbara Imana kandi kukatugirako ubwaku natwe mu buzima bwacu kubera kudufasha kwerekeza ku bintu vyo nyavyo. Nk'uko imitsi yimereye ukugira neza gukura igihe tugushira mu ngiro twongera tuzirikana imigisha yakwo.

Imana ihamagarira abana bayo kugira umutima ushima. Mu **1 Tesalonika 5:18** intumwa Paulo yanditse ati, “Mwame mukenguruka muri vyose, kukw ico ari co Imana ibagombako muri Kristo Yesu.” Gushima biba bisigura ko twibuka uwatugiriye iciza maze tukazirikana ukwo kugira neza mu gushima biciye mu majambo yacu bwite. Gukuza umwifato wo gushima vyugururira amaso yacu kubona mu buryo bwagutse ibidukikije ubwiza bwayo hamwe no kububona mu bandi bantu. Kugira umutima ushima bidufasha kuba abantu bashima mbere no mu mihezagiro yiyoroheje tutabanje gusaba ko tuyironka mu buryo bwuzuye. Ibi n'ivy'ingirakamaro kubera mu biraba ubugingo budashira ubuzima ntibuzokwama bugenda mu buryo bworoshe. Ariko na none ntibitubuza kuryohererwa ubuzima. Duhura na vyinshi vyiza. Ubwiza bw'ishurwe, ubunini bw'ikirere cuzuye umuco w'inyenyeri, ugukayangana kw'igishika kuboneka mu maso y'umugenzi, ivyo vyose bitwibutsa ivyiza Imana yategekanirije abamuyimbara.

## **Umugabane w'umwitwarariko wacu**

Mu gushira mu ngiro gushima, dukura umwitwarariko wacu ku vyiyumviro vyacu tudasanze dufise tukawerekeza ku mihezagiro nyayo dukwiye kunezererwa. Ugushima kuva mu kuzirikana ubugwaneza bw'Imana maze bikadutera umwete wo kumenya uburyo nyabwo Imana iduhishuriramwo urukundo rwayo. Uburyo nk'ubwo bwo gushima butuma tubona kure cane kuvy'ubuzima maze bikagwiza ubushobozi bwacu bwo kunezerwa no kunyurwa kuvy'Imana itugirira.

Ivyigwa vya vuba vyakozwe vyerekana ko ugushima kutagirira akamaro uwubikoze n'uwubikorewe gusa ahubwo n'uwavyiboneye nawe. Kubona igikorwa co gushima hagati y'abantu babiri bishobora gufasha uwubiravye yumva ubwaku no gushikwa ku mutima n'abo bantu (New York Times). Mbega ni kuki tutoshira mu ngiro ivyo Imana yaduhamagariye gukora: kunagura umutima wacu wo gushima bizohindura imibanire yacu n'abatuzengurutse kubw'ineza yabo vyongere kandi isi kurushiriza kuba nziza. Dushimire Imana kubw'ingabire yayo yo Gushima.

## **Reka dusengere hamwe**

### **Umwanya wo gusenga Iminota iri hagati ya (30-45)**

#### **Gusenga biciye mw'Ijambo ry'Imana-**

“Ni co gituma kubera twakira ubwami budashobora kunyiganyizwa, dukwiye gukenguruka, kugira ngo tubone ingene dukorera Imana tuyihimbaye, tuyubaha, tuyitinye.”

#### **Abaheburayo 12:28**

#### **“Reka tugaragaze ugukenguruka”**

Mana yacu udukunda, ntitugukengurukira bikwiye kuvywo wadukoreye vyose. Ibihe bidashira ntabwo biri kure kugirango tuguhe amashimwe agukwiriye. Kubw'ivyo turasenze kugirango wakire kandi wemere amashimwe yacu. Turagusavye kandi udufashe gushira ku ruhande umutima wo guhamamira ibintu, gucira urubanza abandi, ubwibone kugira ngo dushobore kuzirikana imigisha dushobora gushima. Dufashe kuza dufata akanya ko

kugukengurukira hamwe n’abandi gusumba uko dusanzwe tubikora kubw’imitwaro tugushikiriza. Agura muri twebwe umwifato ubereye wo gushima. Amen.

**“Kugeza turonse ubwami butanyiganizwa”**

Mwami, ur’Imana yuzuye ubugwaneza. Ntiwaduhaye gusa agakiza k’ibihe bidashira, ariko kandi waduhaye kandi ubwami bwawe. Ntitwoshobora kugenzura ubwaguke bw’imigisha wadutegekanirije. Twereke buri musu uburyo ar’ivy’icubahiro kuba abana bawe. Urakoze kubw’uru rukundo rutagira iherezo hamwe n’iyi imigisha. Amen.

**Ibindi vyo kwisunga mu masengesho**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbaze Imana ku bw’ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambamyi zikunda kwibonekeza n’ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw’Ishengero ku rwego rw’isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y’abizera b’ishengero ryanyu, umuryango n’ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

**Indirimbo zo gukoresha**

Indirimbo ya 33 ni y’116

## Umusi w'Icenda : Igenekerezo rya 19 Nzero 2023

### IMIGISHA Y'ISABATO

“Ni wakura ikirenge cawe, ngo ntukandagire isabato, ukareka gukora ivyo wigombeye ku musi wanje wera, arik' ukita isabato umusi w'umunezero, mber' umusi wanje wera ukawita uw' icubahiro, ukawubaha, ntukore ivyo ugomba ubgawe, ntiwironderere gukora ivyawe, ntiwirirwe mu bijandijandi vy'ubusa, nuk' uzonererwa jewe Uhoraho; nanje nzoguha kugenda ujandagira ku mpinga z'imisozi yo mu gihugu; kandi nzogutungisha ishamvu ya sogokuruza Yakobo: kukw akanwa kanje, jewe Uhoraho, ari ko kabivuze” **Yesaya 58:13,14**

#### **Ikimenyetso ca Karangamuntu**

Umuhezagiro udasanze mu buzima bw'umuntu n'Isabato. Umusi w'Isabato utwibutsa amamuko yacu ukanatwibutsa ko Imana ari umuremyi wacu (**Kuvayo 20:8-11**). Ushingira intahe kandi ubuntu bw'Imana ko ar'umucunguzi yuzuye urukundo yagobotoye ubwoko bwayo mu buja (**Gusubira mu vyagezwe 5:12-15**). Kubw'ivyo rero guhimbaza Isabato n'ikimenyetso gikomeme c'akaranga kacyi nk'ibiremwa bantu. Aka karanga ntikava mu kuroranirwa mu vy'ubutunzi canke urugero rw'ivyo twinjiza. Akaranga kacyi nta nuko kavana nuko twoba turi abanyakazi canke turi abakoresha. Isabato n'ubutumire Imana iduhamagarira kuruhukira muri yo hamwe no kunezererwa ubuntu bwayo yatugiriye.

Isabato mu vy'ukuri n'umwimenyerezo wo kwitondera ibintu. Itwigisha uburyo bwo kwitondera ibintu, gukora ibintu mu buryo bwiza hamwe no kumenya guheraheza akazi. N'itangazo rya bur'iyinga hamwe n'ubwenge bwanje yuko Imana ari nkenerwa kandi ko iza ubwa mbere mu vyo nkeneye kuronka. Bimfasha kumenya ivyo ngira nyambere hamwe no kubona ubwizigirwa bwanje. Isabato imfasha kwitonda no kuruhukira imbere y'inyonga z'Imana. Imfasha kunezererwa amasezerano yayo no kubona ko yuzuye. Vyongeye kandi, kubona tutaja mu bikorwa vyacu canke mu bindi bijandijandi kur'uwo musi w'Isabato, birushirizaho kutubera ikimenyamenya c'ubwizigirwa ku Mana yacu, vyongeye kandi icyo tuzirikana n'uko kwitwararika kuruhukira mu rukundo no kubana n'Imana birengeye cane kwirinda ngo ntihagire igikorwa umuntu yokora. Ikiyeho c'Isabato kironkera umwuzuzo mu mwanya dufata wo gusabana n'Umuremyi wacu. Iyo twize vy'ukuri icyarico kuruhukira mu rukundo rudatsindwa rw'Imana, icyo kandi ukugira neza

kwayo guhindutse ivyo tugira nyambere, turahonja ku munezero, amahoro, hamwe kandi n'icipfuzo co guhimbaza Imana mu mibereho yacu yose.

Ku bw'ivyo, kwitonderana Isabato ubwizigirwa kandi tunezerewe bitubera ikimenyetso gitomoye c'uwo turiwe n'uwo twegukira. Gushira mu ngiro ukuri kw'ivya mpwemu kandi tubinezerewe, dutekanye birengeye cane kwirinda kugira ico dukoze ku musi w'indwi. Iyo ngingo isaba kugira integuro izodufasha kwitegura mu ndwi kugirango tuzoshobore gushira mu ngiro ukwera kw'Isabato. Kubw'ivyo rero, Isabato ica irema imibereho itandukanye n'imigenzo twari dufise mu buzima bwa misi yose. Isabato idukingira kuba abaja bo kwama bipfuje inyungu. Turetse kwihatira kwama mw'ihiganwa ridahera ry'ubutegetsu hamwe no kuba agakomeye, duhamagarirwa nyabuna kugira akaruhuko no kwubaha Imana, ubugwaneza bwayo hamwe n'ubuntu bwayo. Niyo nkinzo idasanwe y'ubwibone n'ukwipfuzo vyacu. Mu kwubahiriza Isabato duhinduka abigira kuri Yesu Khristo, we yashoboye kwitondera Isabato nk'uko yari yaramenyereye (**Luka 4:16**).

Ukuziririza Isabato, kurekera amasaha yayo akaba ay'Imana tubikuye mu mutima, bidufasha gushira mu ngiro koko ivyo Kristo ashaka mur'uru rugendo rw'ivya Mpwemu. Isabato ntabwo ar'umusi wo kwisinzirira canke wo kudakora; ahubwo n'umusi wo gusenga Imana y'ukuri yonyene kandi uca uba ikimenyetso nyakuri cerekana ko twamaze guhindura ingendo yacu twahisemwo kwisunga Imana ibonekera mu Vyanditswe Vyera.

### **Reka dusengere hamwe**

#### **Umwanya wo gusenga Iminota iri hagati ya (30-45)**

“Ni wakura ikirenge cawe, ngo ntukandagire isabato, ukareka gukora ivyo wigombeye ku musi wanje wera, arik' ukita isabato umusi w'umunezero, mber' umusi wanje wera ukawita uw' icubahiro, ukawubaha, ntukore ivyo ugomba ubgawe, ntiwironderere gukora ivyawe, ntiwirirwe mu bijandijandi vy'ubusa, k nuk' uzonnezererwa jewe Uhoraho; nanje nzoguha kugenda ujandagira ku mpinga z'imisozi yo mu gihugu; kandi nzogutungisha ishamvu ya sogokuruza Yakobo: kukw akanwa kanje, jewe Uhoraho, ari ko kabivuze” **Yesaya 58:13,14**

**“Kwita Isabato umusi w'umunezero”**

Data, mbega igitangaza c'akaganuke waduhereye mw'Isabato! Turagushimiye ko utadutegekanirije kwama mu ruhagarara amasaha 24/24, imisi 7 ku 7, ariko wadushiriyeho akaryo ko gusabana nawe, ko kuronka amahoro yawe turi kumwe nawe mu nzira yihariye uko indwi itashe. Mana, kenshi na kenshi isabato twayigize umusi wuzuyeko ibikorwa bituma uba umuzigo gutyo bituma dutakaza intumbero yayo. Tubabarire Data. Twigishe uburyo bwo kwitondera isabato nyiranda kandi ngo itubere umusi w'umunezero mbere no kur'abo bose batuzengurutse. Amen.

Yesu turaguhaye icubahiro kandi turagushimye kubw'ubwiza bwawe kuko ur'uwera kandi urabikwiye. Turagushimiye kubona isabato ari umusi waduhaye ngo turonke umwidgegemyo wo kwitaho ivyawe, ijamba ryawe, igikorwa cawe c'irema no kuba umuhezagiro ku bandi. Ariko, kenshi na kenshi, twamaze ayo masaha y'agaciro mu biganiro vy'ibijandijandi hamwe no mu bikorwa bitaguhesha icubahiro. Twigishe kugira isabato umusi wo kutwubaka, umusi mwiza kandi umusi wejejwe. Amen.

### **Iyindi mitwaro yo gusengera**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbaze Imana ku bw'ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

### **Indirimbo zo gukoresha**

Indirimbo y'142 ni ya 96

## Umusi w'Icumi: Igenekerezo rya 20 Nzero 2023

### **KUBA UMUTUNZI NYAKURI-UBUSHISHOZI BUDASANZWE**

“Kandi twiyumviraneko, kugira ngo turwane ishaka ryo gukundana n'iry' ibikorwa vyiza, twoye guheba gukoranira hamwe, nk'uko bamwe bagira, ariko duhanurane, kand' uko mubonye wa musu wegereza, murushirize kugenza murtyo” **Abahebulayo 10:24,25.**

Bibiliya mu buryo bwa Mpwemu ishingiyeye ku bushishozi atari ibintu bishingiyeye ku biharuro. Ishingiyeye ku mibereho uwo ariwe wese ashira mu ngiro hagati y'abantu buntu n'Imana nzima. Ibintu ngira kamaro ubwavyo bigaragara ariko atari igihama. Mu gihe Imana yo muri Bibiliya ari Imana itaboneka ku maso ya kimuntu, yaduhamagariye gukora ibintu biboneka kandi birashe bigaragaza imigenderanire dufitaniye nayo. Akarorero, dufate ibikorwa vyacu. Ibikorwa dukorera Imana canke ikindi kiremwa muntu vyama misi yose biserukira mu ngeso. Canke twiyumvire uburyo bwo kwitondera isabato. Kuziririza Isabato bijanirana n'ibintu bitandukanye kandi birashe vyo gushira mu ngiro nko kuruhuka hamwe no gusenga. Kuruhuka ibikorwa vyacu vya misi yose no kugira amahitamwo agaragaza ubwera bw'umusi w'isabato ntanarimwe vyigera biba ibintu nsigara bwenge; vyama ari ibikorwa biboneka. Ni nako bimeze kubijanye n'integuro zo gusenga mu kugiriranira ubugenzi n'abandi bantu mw'ishengero buri gitondo co kw'isabato. Mu gihe bishoboka kwifatanya n'abariko barasengera ku rubuga ngurukana bumenyi, ugusenga kwuzuye kuzokwuzuzwa gusa igihe uzofata ingingo ntabanduka kandi iboneka yo gusengera hamwe n'abandi bantu bagaragara kandi muri kumwe mu kibanza kigaragara. Ibikorwa dukora vy'ubugwaneza kandi vy'ukuri, vy'ubuntu, guharira, vy'impuhwe, ukwemera umuntu, hamwe no guhimbaza bigira insiguro gusa iyo tubishize mu ngiro mu buryo bugaragara. Nta nzira yo ku buhinga bwa none bushobora gusubirira uburyo bwo kubonana n'abantu amaso mu yandi bakagukorako, bakakugumbira, bakagufasha mu kukuramira, bakakuremesha n'umutima ukunze, umunezero wo kumwenyura, kuramukanya muhana ibiganza mu kwakirana. Ntushobora guhimbaza canke gushira mu ngiro umugenzo wo kwozanya ibirenge mbere wanashaka gusangira umukate canke umutobe vyo ku Ngaburo Yera. Ico Yesu yatanguje akoresheje akarorero kiwe bitegerezwa gukorwa mu buryo bugaragara, biciye mu buryo bwogukorako no kwumviriza.

## **Ukwizera nyakwo**

Mbere no kugira isengesho no kwisonzeshya, bisanzwe bishigikirwa n'Ivyanditswe Vyera n'ibintu bikorwa mu buryo bugaragara mu mwanya runaka n'ikibanza runaka. Ukwizera Imana kwacu kwama gushirwa mu ngiro mu buryo bugaragara kandi bitegerezwa kuba ibintu bigaragara. Mu gihe twabwemo nk'ibiremwa bantu dushobora gukora ibintu vyo mu buryo bwa none, imigenderanire yacu n'Imana hamwe no kugaragaza imibereho yacu yo mu vya Mpwemu mu kugendana na Yesu ntanarimwe izigera ikorwa mu buryo bw'ubuhinga ngurukana bumenyi.

Reka twisunge neza na neza imigisha y'uburyo bwose ibikorwa bigaragara bizana, "Ijambo rivuzwe mu buryo bubereye ni nk'amacungwa y'izahabu ari mu tujishano tw'ifeza" **Imigani 25:11.**

Ikiganza kiramvuwe kugira habe ubufasha; ukurambika ikiganza mu buryo bwiyoroheje bitugabisha biti: « Nturi wenyene; » agaciro k'ikarata ya posita canke k'ikete ry'iminwe ufise mu biganza; ukuronka imbabazi canke ubuntu utabukwiye bishikana kw'ihinduka rishitse. Gusangira imfungurwa n'abatazigira, gushira mu ngiro ubufasha ku ngenzi canke kur'abo batagira aho barambika umusaya. Iyi migisha hamwe n'iyindi migisha bisabwa ko ishirwa mu ngiro mu buryo bugaragara. Tunezererwe ishitswa mw'isi ubuhinga bwa none – ariko twibuke ko dukwiye kurushiriza gukora ibikorwa bigaragara bivuye ku kwizera.

## **Reka dusengere hamwe**

### **Umwanya wo gusenga iminota iri hagati ya (30-45)**

"Kandi twiyumviraneko, kugira ngo turwane ishaka ryo gukundana n'iry' ibikorwa vyiza, twoye guheba gukoranira hamwe, nk'uko bamwe bagira, ariko duhanurane, kand' uko mubonye wa musu wegereza, murushirize kugenza murtyo" **Abahebulayo 10:24,25.**

**"Twiyumviraneko, tugwane ishaka ryo gukundana n'iry'ibikorwa vyiza"**

Urakoze Mana kuba waraduhishuriye urukundo nyakuri. Warakoze kwambara ishusho y'umuntu maze ukatwereka urukundo rutangaje biciye muri Yesu Kristo. Mur'iyi misi



y'ubuhinga bwa none, n'utwibutse Data akamaro ko kubaho ubuzima butanga insiguro igaragara kubijanye n'urunkundo hamwe no gufashanya. Mana, kenshi usanga twama dukora ibintu twisunga amamashine hamwe n'yubuhinga ngurukanabumenyi. Tubohore kugirango bikunde ko tubaho kubwawe mu gufasha abandi. Amen.

### **Ntimwiringagize Gukoranira Hamwe**

Data, ikiza ca Korona congereje umuvuduko wo kwigunga twamaze kwigarurirwa mu myaka myinshi n'ubuhinga ngurukana bumenyi. Ukwibesha dushira imbere ubuhinga ngurukanabumenyi na cane cane nko gusengera ku rubuga nta narimwe bizosubirira gukorana no guhura amaso mu yandi. None rero ko tubona ikiza cahagaze, dufashe gushira imbere kubonana amaso mu yandi, dufashanya, tugaragaza urukundo, twitanaho twongera dufashanya mu bikorwa vy'ingirakamaro, mu majambo no gufatana mu nda. Amen.

### **Iyindi mitwaro yo gusengera**

**Amashimwe no gutazira:** Shimira Imana imigisha idasanzwe kandi uhimbase Imana ku bw'ivyiza vyayo.

**Kwatura:** Fata iminota mike yo kwatura wenyene kandi ushimire Imana kuko ibabarira.

**Ubuyobozi:** Saba Imana itange ubwenge ku ntambanyi zikunda kwibonekeza n'ingingo zama zafashwe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ibikenewe mw'Ishengero ku rwego rw'isi (raba urupapuro ruriko ibisabwa).

**Imitwaro yanyu:** Sengera imitwaro y'abizera b'ishengero ryanyu, umuryango n'ababanyi.

**Umviriza wongere wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana hama wishurisha amashimwe canke indirimbo.

### **Indirimbo zo gukoresha**

Indirimbo y'66 ni ya 72

## **Gushira Imbere Ukwizera-Ivyo Kwiga no Kuzirikana**

### **UBUMARA ISABATO IDUKURAMWO**

“Wibuke kuziririza umusi w'isabato. Mu misi itandatu uz' ukore, abe ari yo ukoreramwo ibikorwa vyawe vyose: arik' umusi ugira indwi ni wo sabato yanje, jewe Uhoraho Imana yawe. Ntukagire igikorwa na kimwe ukora kuri wo, wewe ubgawe, cank' umuhungu wawe, cank' umukobga wawe, cank' umugurano wawe, cank' umuguranokazi wawe, cank' inka zawe, cank' uw' inyambukira aba i wawe: kukw imisi itandatu ari yo jewe Uhoraho naremyemw' ijuru n'isi n'ikiyaga n'ibiri muri vyo vyose, nkaruhuka ku musu ugira indwi: ni co catumye jewe Uhoraho mpezagira umusi w'isabato, nkaweza.” **Kuvayo 20:8-11**

### **Gutahura neza Isabato**

Abadiventiste b'umusi w'indwi barasigura neza ingene isabato yahinduwe ikurwa ku musu w'indwi igashirwa ku musu wa mbere w'imisi indwi. Kenshi turananirwa no kwerekana imigisha idasanzwe n'akamaro ko kwitondera umusi w'isabato. Kuri beshi isabato yaratituriwe mu migenzo nk'iy'Igifarisayo aho usanga benshi bashira imbere kureka ibikora gusa. Mur'ubwo burya ntzigera ituzanira imigisha mur'uru rugendo turi kumwe n'Imana. Igihe cose tuzoba tutarashika ku buryo bwo kuronka iyi migisha yo kwitondera isabato, nta muntu n'umwe azokwegwa n'imigisha yo kwitondera isabato nk'ukw'Imana yayiduhaye. Iyo isabato, itahuritse neza itanga imigisha idasanzwe kandi itanga urunganwe rutunganijwe na cane cane ku bijanye n'imigenderanire mur'aba bakoresha bakongera bagahurira ku buhinga ngurukana bumenyi.

Isabato iduha akaryo keza ko gutomora amahitamwo yacu ku buryo tubayeho. Mur'ibi bihe aho ar'abantu bake bashira itandukaniro hagati y'ibisomwa, imbuga-hwaniro, canke mbere ku bundi buryo bw'ikorana buhanga, isabato izokomeza uburambe bwacu kandi bw'indwi ikurikira y'ibikorwa.

### **Ubumara bwo ku Ngurukana bumenyi Isabato Itugobotoramwo**

Kubandanya twiyegurira kwumviriza no kuraba amakuru ngurukana bumenyi bikomeza kudukwegera umuganda w'amakuru ya buri mwanya, kubw'ivyo twisanga twatakaje ububasha bwo kwiyumvira mu buryo bwimbitse, atakidusamaje. Iyo twimenyereje kwama tuja ku rubuga ngurukana bumenyi, dusoma ivyo kur'izo mbuga-hwaniro, ubushobozi bwo gusoma mu buryo bwimbitse kandi ku kintu twitoranirije buragabanuka. Gutyo bihinduka ikigoye gukwirikirana

ku rubuga icyumviro mu mwanya munini kandi tukisanga bigoye cane kwiyumvira cane ku majambo n'inzira z'Imana. Ibi bigira ingaruka zikomeye ku migenderanire yacu n'Imana kuko Yesu yatubwiye ko ubwonko bwacu bufise uruhara rudasanze mu kwerekana urukundo dufitiye Imana (Mariko 12:30). Ubuhingana ngurukana bumenyi ntabwo bunagura namba ubwonko kukijanye no kwihweza, gusenga ata bisamaza canke ku rundi ruhande rw'ubuzima rw'ivya Mpwemu. Koko, n'ubwo bwoko bw'ivyiyumviro butunganya ubwonko bwacu ngo bukurwemwo imyanda y'ubuhinga, biciye mu kwitonda, guhitamwo no kwitondera isabato y'Imana. Ni mwiyumvire ku migisha idasanze yo kugira umusi wiramvuye buri ndwi aho dushobora kuzimya n'amatelephone yacu ngendanwa, ama machine yacu nyabwonko na tabureti, aho kandi twihangana kuja ku mbuga ngurukana bumenyi hamwe kuziraba no kuzikoresha, mbere no kuraba ubutumwa kur'izo mbuga. Aho kurangura ivyo bikorwa vyose, ahubwo twiyegurira ibikorwa biduhamagarira kubaho umubiri n'umutima mur'ico kibanza co guhimbaza. Ni mwiyumvire isabato runaka aho muronka akaryo ko kuyaga ata gusamara hama kandi tugashira umwitwarariko udasanze ku muryango n'abagenzi batuzengurutse. Ni mwiyumvire umusi w'ikiruhuko aho dushira umwitwarariko udasanze kw'ijambo ry' Imana mu buryo bwimbitse. Ni mwiyumvire umwanya w'ingenzi aho duhanahana ivyiyumviro n'ivyadushikiye turi kumwe n'abagenzi mbere tukumviriza ivyaranze abandi atakubaciramwo. Ubwo buryo bwo kwitondera isabato busubira kuduha n'Imana, bukanagura imigenderanire misha yacu n'Imana kandi bukanagura imigenderanire dufitaniye mur'uru rugendo rw'ivya mpwemu mu buryo bwiza kandi bwimbitse.